Геленджик къыщхьэщытщ Тхыбэ

2-нэ нап.

1942 гъэм и гъэмахуэм

4-нэ нап.

Щыхугъэращ япэ идгъэщыр

4-нэ нап.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№31 (24.781) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

ПсэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ ухуэныгъэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ухуэныгъэм, коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыным, абы ипкъ иткIи «ПсэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ ухуэныгъэхэр» лъэпкъ проектыщIэр гъэзэщIэным теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

АБЫ щытепсэлъыхьащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ къазэрыпэщылъым. Апхуэдэу Налшык къалэм и псы хъумапIэ нэхъыщхьэр, псы фIейхэр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и къуажэхэм щыIэ псы къыщIэшыпIэу 20 зэрагъэпэщыжынущ икIи яухуэнущ.

Псалъэмакъ щхьэпэ

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, «Къэрал сыхьэтым» хыхьэу, яIущIащ Налшык къалэм предмет щхьэхуэхэр нэхъ кууэ щрагъэдж, Пушкин Александр и цIэр зезыхьэ курыт школ №5-м и 11-нэ классхэм щIэсхэм.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭМ епсэлъащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэ, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и унафэщI Кривко Михаил, Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщIхэм ящыщ, ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Байдаев Сэлихь сымэ.

Депутатхэм къыхагъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэр хабзэ дахэ хъуауэ зэрырагъэкIуэкIыр, щIыналъэм и хабзэубзыху лэжьыгъэм щIалэгъуалэр хэгъэгъуэзэнымкIэ ар зэрыIэмалыфIыр. ШколакIуэхэр ирагъэплъащ КъБР-м и Парламентым теухуа фильм кIэщIым.

Емуз Нинэ жиIащ ныбжьыщIэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр зрагъэщIэну зэрафIэгъэщIэгъуэныр, я упщIэхэм жэуап иратыну зэрыхьэзырыр. Абы къыхигъэщащ хабзэхэр къыщащтэ пэшым ахэр къызэрырагъэблэгъам Парламентым и лэжьыгъэр нэхъ нэрылъагъу щIалэгъуалэм зэращищIынур. Депутатыр тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэр зэраубзыхум.

Кривко Михаил тепсэлъыхьащ зи унафэщI комитетым зэфIигъэкIым, жэрдэмхэр зэрагъэбелджылым, хабзэхэр къызэращтэм.

Байдаев Сэлихь и гугъу ищIащ республикэм и промышленностым, связым, гъуэгухэмрэ транспортымрэ зэрызыщрагъэужь щIыкIэм.

Депутатхэр къытеувыIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и комитетхэм я къалэнхэр зэрагуэшым, абы епхауэ лажьэ ЩIалэгъуалэ палатэмрэ Жылагъуэ советымрэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, цIыхухэм зэраIущIэм, нэгъуэщIхэми.

КъищынэмыщIауэ, депутатхэм жэуап иратащ ныбжьыщIэхэм я упщIэхэм. Ахэр теухуат щIалэгъуалэ политикэм, ЕГЭ-м и фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэхэм зэрызрагъэужьым.

ЩIалэгъуалэм депутатхэм фIыщIэ хуащIащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм зэрырагъэблэгъам, зэIущIэр гуапэу, гъэщIэгъуэну зэрекIуэкIам папщIэ.

Нэхъыжьхэм я чэнджэщи зэхахащ щIалэгъуалэм: IэщIагъэ къызэрыхахынум, я къэухьым хагъэхъуэн зэрыхуейм ехьэлIауэ. ЩIалэгъуалэм КъБР-м и Парламентым зыщрагъэплъыхьащ, зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

Хуитыныгъэхэр егъэнэхъапэ

Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ ЦIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ Зумакулов Борис.

ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, Зумакуловым Iэтащхьэр щыгъуазэ ищIащ илъэс блэкIам зэфIагъэкIахэм.

Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьахэм ящыщщ цIыхухэм зэрызыкъыхуагъэзахэм зэрапэджэжыр, псом хуэмыдэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэр зыхуэныкъуэхэм ятеухуахэр, ветеранхэр мамыр гъащIэм лъэ быдэкIэ къыхыхьэжынымкIэ защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр.

Апхуэдэуи зэпкърахащ уголовнэ Iуэхухэр щызэхагъэкIкIэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, республикэм и тутнакъэщхэм щаIыгъхэм ехьэлIахэри.

Iэтащхьэм къыхигъэщащ уполномоченнэр къэрал властым и органхэмрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным хуэгъэпса жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ япыщIауэ зэрылажьэр.

КIуэкIуэ Казбек Зумакулов Борис фIыщIэ хуищIащ захуагъэм тету икIи Iуэхум фIыуэ хищIыкIыу лэжьыгъэ гугъу, ауэ жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэрырегъэкIуэкIым папщIэ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм

Ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм адэкIи зегъэужьынымрэ абы щекIуэкI Iуэху зехьэкIэ мардэхэр нэхъри егъэфIэкIуэнымрэ ятеухуа псалъэмакъ щхьэпэ иджыблагъэ зэдрагъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзоррэ.

ГЪАЩIЭМ мыхьэнэшхуэ щызиIэ а унэтIыныгъэм щызэфIах лэжьыгъэ псори къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ анагъэмрэ сабиигъуэмрэ хъумэным. УФ-м и Президент Путин Владимир нэхъапэIуэкIэ къыхигъэщащауэ зэрыщытамкIэ, «егъэджэныгъэ IэнатIэмрэ школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм щадэлажьэхэмрэ я зыужьыныгъэр къэралым щекIуэкI демографие политикэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ».

Къэралым и Iэтащхьэм нэхъапэIуэкIэ иубзыхуауэ щыта къалэнхэм япкъ иткIэ, 2025 - 2027 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри щаухуэнущ сабий гъэсапIэу 8. Абыхэм ящыщу республикэм и къалащхьэ Налшык щащIынущ гъэсапIи 4. Сабий 700 зэкIуалIэ хъуну а садхэр къыщызэIуахынущ «КъуэкIыпIэ», «Мей» хьэблэхэм.

Апхуэдэу сабий гъэсапIэщIэхэр щаухуэнущ Бахъсэн къалэм, Къэсейхьэблэ, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж къуажэхэм.

Апхуэдэ ухуэныгъэ инхэм къадэкIуэу, республикэм и сабий гъэсапIэ 17-м зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэри щекIуэкIынущ дызыхуэплъэ илъэс зыбжанэм къриубыдэу.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, зэпыу имыIэу республикэм щолэжь егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм ехьэлIа адрей Iуэху псори, мылъку-техникэ лъабжьэри абы хэту, адэкIи егъэфIэкIуэным.

Дызэрыт илъэсым фокIадэм и 1-м я бжэхэр ныбжьыщIэхэм хуиту къыхузэIуахынущ зыхуей-зыхуэфI псомкIи нэсу къызэгъэпэща курыт еджапIэу 9-м. КъинэмыщIауэ, курыт школ 70-м къэкIуэну илъэсищым къриубыдэу щекIуэкIынущ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэ инхэр. Абыхэм ящыщу еджапIэ 15-м апхуэдэ лэжьыгъэр мы гъэм щаублэнущ.

Курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэт колледжхэми, техникумхэми, лицейхэми апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр щекIуэкIынущ 2025 - 2026 гъэхэм къриубыдэу. А илъэситIым зыхуей хуагъэзэжынущ Мэкъумэш-промышленнэ, Гуманитар-техникэ колледжхэм я еджапIэ унэхэм ящыщу 6-р. А псори лэжьыгъэ щхьэпэщ республикэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм адэкIи зиужьынымкIэ.

ЛIыгъэ яхэлъщ ди щIалэхэм

Илъэс еплIанэ хъуауэ екIуэкI дзэ Iуэху хэхам (СВО) хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри. Ди щIыпIэм и зы къали къуажи къэнакъым а зэпэщIэувэныгъэ тхIийм зи щIалэхэр зымыгъэкIуа. Нобэ унагъуэ куэдым я къуэхэр, щхьэгъусэхэр Iутщ а зауэ IэнатIэм, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу. МащIэкъым къэралым и щхьэхуитыныгъэм щIэбэну зи псэр зытахэри.

ЗАУЭ IэнатIэ гугъур щIыхь пылъу мы зэманым езыхьэкIхэри къэрал унафэр къэмылэнджэжу зыгъэзащIэу а зауэм хэкIуэдахэри щапхъэ нэсщ къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ. Абыхэм я гъащIэр бэм я гъуэгугъэлъагъуэу дапщэщи щытынущ. Ди щIалэхэм зэрахьэ лIыгъэм, къакъуэкI хахуагъэм, быдагъэм я щапхъэхэр къызыхэщ дэфтэрхэри куэдщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм я цIэкIэ тхыгъэ хьэлэмэт иджыблагъэ республикэм къыIэрыхьащ. Абы къызэрыхэщымкIэ, зауэ IэнатIэм щынэхъыщхьэхэм ящыщщ зауэлIхэм я гукъыдэжыр къэIэтыныр, я ехъулIэныгъэхэм гулъытэрэ пщIэрэ егъэгъуэтыныр. Дзэ унафэщIым и гуапэу къыхегъэщ зи Iэтащхьэ дзэм хэт бгырыс щIалэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэмкIэ хуабжьу зэрыарэзыр. Ахэр зыхэтхэм фIыкIэ къахощ: я хьэл-щэнкIи, гупым зэрыхэзагъэкIи, IэрыхуагъкIи, жыджэрагъкIи, лIыгъэрэ хахуагъэу къакъуэкIымкIи.

ЗауэлIхэм я гукъыдэжыр къэIэтыным сэбэп хуагъэхъун мурадкIэ, фронтым щекIуэкI Iуэхугъуэхэм ятеухуа хъыбархэр зэрыт «Днепровский десант» газетыр къыщыдагъэкI. ДзэпщIым зэритхымкIэ, а газетым и иужьрей къыдэкIыгъуэм къытехуащ ди къэбэрдей щIалэхэу рядовой Къуэныкъуей Ислъамрэ ефрейтор Хьэгъэжей Темыррэ ятеухуа тхыгъэ. Абы къызэрыхэщымкIэ, адыгэ щIалэхэм лIыгъэшхуэ зэрахьащ, хахуагъэ ини къыщагъэлъэгъуащ зэхэуэ гуащIэхэм. Абыхэм къапэкIуэу Къуэныкъуей Ислъам иратащ Святой Георгий орденыр, Хьэгъэжей Темыр хуагъэфэщащ ЛIыхъужьыгъэм и орденыр. А псомкIи гушхуэу, дзэпщ цIэрыIуэм адыгэ щIалэхэм ятеухуа тхыгъэр зэрыт газет напэкIуэцIыр ахэр къыщалъхуа лъахэм къиигъэхьащ.

Къыхэдгъэщынщи, ахэр я гъащIи я узыншагъи щымысхьыжу, къикIуэт ямыщIэу, я пщэрылъ къалэнхэр гъэзэщIэным жэуаплыныгъэ яIэу бгъэдэту IэнатIэ гугъум Iутщ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу. Къапщтэмэ, Хьэгъэжей Темыррэ ар зи унафэщI гупымрэ я фIыгъэкIэ зы псэкъым-пситIкъым ажалым къелар, губгъуэм къэрахыжу уIэгъэщым яшар, зи узыншагъэр зэтеувэжар.

Апхуэдэ Iуэхухэр зэфIихыу, езы щIалэри мы гъэм и пэщIэдзэм уIэгъэ хьэлъэ хъури, операцэ ящIащ, махуэ 12-кIи зыкъимыщIэжу щытащ. Мы зэманым Москва дэт уIэгъэщым щагъэхъуж, абы етIуанэ операцэри щащIынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэр къэрал щхьэхуитыныгъэм къэмылэнджэжу зэрыщIэзэум и щыхьэтхэм ящыщщ зи гугъу тщIахэр. Апхуэдэ щапхъэхэр, шэч хэмылъу, сэбэпышхуэщ щIыналъэм къихъуэ щIэблэр хэкупсэ нэсу, къэралым и къыщхьэщыжакIуэ лъэщу гъэсэнымкIэ. Ди лъэпкъыцIэр фIыкIэ зыгъэIуа Къуэныкъуей Ислъамрэ Хьэгъэжей Темыррэ, апхуэдэу зауэ IэнатIэм Iут адрей ди щIалэхэри узыншэу, Iэпсолъэпсоуэ, ТекIуэныгъэр къахьауэ икIэщIыпIэкIэ я унагъуэхэм ихьэжыну дохъуапсэ.

КЪАРДЭН Ритэ.

Я зэран къекIакъым

Хьэрычэт IэнатIэм республикэм нэхъри зыщегъэужьыным, абы хэтхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр ядэIыгъыным пыщIа Iуэхухэр зэрыдагъэкI щIыкIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ АфэщIыж Юрэрэ я зэIущIэм.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ ди къэралым къыхуагъэува экономикэ мардэ ткIийхэм я зэран IэнатIэм зэремыкIар, уеблэмэ ар нэхъри зэрефIэкIуар. Абы нэхъыщхьэу сэбэп хуэхъуар IэнатIэм хэтхэм щIыналъэ мылъкукIэ зэрызыщIагъакъуэрщ. Апхуэдэ Iэмал къарет «Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм я жэрдэмхэр ядэIыгъын» лъэпкъ проектым.

Хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ хэтхэм я бжыгъэм республикэм процентихкIэ щыхэхъуащ икIи псори зэхэту цIыху мин 22,6-м нэсащ. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэри процент 14,5-рэ мэхъу, цIыху мин 81-м щIигъу къызэщIаубыдэу. А псом къадэкIуэу, бизнесми мылъку нэхъыбэ хилъхьэ хъуащ зи гугъу тщIы IэнатIэм и лэжьыгъэм нэхъри зегъэубгъуным.

Щхьэхуэу и гугъу ящIащ Уполномоченнэр «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм зэрыдэлажьэм, дзэ Iуэху хэхам хэт хьэрычэтыщIэхэм хуаIэ пыщIэныгъэхэм.

IэнатIэм къэрал хабзэхэр зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъыныр, бизнесым хэтхэм япыщIауэ щытыныр я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Зэрыщыту къапщтэмэ, щIыналъэм щыIэ Уполномоченнэм и лэжьыгъэр тещIыхьащ Урысейм и Президентым и деж щыIэ Уполномоченнэм и аппаратым и лэжьыгъэм икIи жылагъуэ-чэнджэщэгъу советхэр и тегъэщIапIэщ.

Республикэм и Iэтащхьэм АфэщIыж Юрэ фIыщIэ хуищIащ республикэм и экономикэм дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ IэнатIэм и лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуауэ зэрекIуэкIым папщIэ икIи ехъулIэныгъэщIэхэр иIэну зэригуапэр жриIащ.

Адыгэ Iуэрытх

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Адыгэ къэрал университетым 2025 гъэм пщэдей, гъатхэпэм и 14-м, сыхьэт 13-м зэхашэну еблэнэ Дунейпсо адыгэ Iуэрытхым жыджэру фыхэтыну фрегъэблагъэ. ЩIэныгъэ-узэщIакIуэ Iуэхугъуэр екIуэкIынущ онлайн икIи офлайн щIыкIэхэм тету.

ИЛЪЭСИБЛ лъандэрэ къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэ щхьэпэм мураду зыхуигъэувыжхэм ящыщщ адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыныр, тхыбзэм гулъытэ хэха хуегъэщIыныр, лъэпкъым щыщхэм анэдэлъхубзэмкIэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр егъэфIэкIуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.

Iуэрытхым адыгэу зыкъззылъытэж дэтхэнэри хэт хъунущ, ар щыпсэу щIыпIэм, адыгэбзэм зэрыхуэшэрыуэм емылъытауэ. Ар ятхыну цIыхухэр щызэхуэсынущ ди хэгъэгум и щIыналъэхэм, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм.

Налшык къалэм «Адыгэ Iуэрытхыр» щекIуэкIынущ:

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым (Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ уэрам, 173, 501-нэ пэшым);

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым (Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 1в, экономикэмкIэ къудамэр, етхуанэ къат);

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ лъэпкъ библиотекэм (Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5).

IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм емыкIуэлIэфынухэм онлайн щIыкIэм тету анэдэлъхубзэмкIэ я щIэныгъэр къыщапщытэ хъунущ интернетым щыIэ мы хэщIапIэмкIэ: https://my.mts-link.ru/j/14488225/2126132891.

Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ диктантыр зытхахэм я лэжьыгъэхэм я сурэтыр (скан) сыхьэтым къриубыдэу къэпщытакIуэхэм хуагъэхь хъунущ мы майл-хэщIапIэм: dahnalchik@gmail.com

КIэмыргуей адыгэбзэм тету ятха тхыгъэ хьэзырхэм я сурэтыр adygkafedra@mail.ru майл-хэщIапIэм ягъэхь хъунущ.

«Дунейпсо адыгэ Iуэрытхыр» зэрекIуэкIыну щIыкIэм, ар зытет жыпхъэ убзыхуам ДАХ-м и сайтым фыкъыщеджэ хъунущ intercircass.org.

Адыгэбзэм и пщIэр къэIэтын, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр егъэфIэкIуэн папщIэ зэхаша «Адыгэ Iуэрытхым» фыхэтыну адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэри фыкъыхудоджэ.

УпщIэ зиIэхэр +79289109975; +79286934817 телефонхэм фыпсалъэ хъунущ.

Республикэ газетхэр щэн щIадзэж

«Адыгэ псалъэ» газетыр Iэ тебдзэу къыпIэрыхьэ къудей мыхъуу, дяпэкIэ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ зэрыщытам хуэдэу, Налшык дэт газет щапIэ, тыкуэн зыбжанэм къыщыпщэхуфынущ. Ди къыдэкIыгъуэхэр щIэлъщ «Вестер-Гипер», «Дея», бэзэрышхуэм (ПащIэм и уэрамым тетым) и Iэгъуэблагъэм, Пушкиным и уэрамым щыIэ газет щапIэхэм.

- Мы гъэм зэхъуэкIыныгъэхэр йокIуэкI, щIыналъэм щыхъыбархэр республикэм и цIыхухэм зэрабгъэдэтлъхьэм, хъыбарыщIэхэр абыхэм я деж зэрынэсым и фIагъым хэгъэхъуэным теухуауэ. Иджыпсту цIыхухэм хъыбархэр нэхъыбэу къызэращIэр интернеткIэщ. Абы дэри зедгъэужьынущ. Ауэ газетхэмрэ журналхэмрэ игъащIэ лъандэрэ щыIэ хъыбарегъащIэ Iэмалщ, гулъытэ яхуэдмыщIу хъунукъым, - жиIащ КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр.

- ДыщогуфIыкI газетхэр тыкуэнхэм дяпэкIэ зэрыщыдгъуэтынум. АнэдэлъхубзэкIэ хъыбарыщIэхэмрэ тхыгъэ щIэщыгъуэхэмрэ зэрыт газетыр Налшык и уэрамхэм къыщыпщэхуу щIэбджыкIыныр куэд и уасэщ! - жеIэ «Точка опоры» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Къарэ Ратмир.

Республикэм къыщыдэкI газетхэр къалэ уэрамхэм, тыкуэнышхуэхэм къыщыпщэхуф зэрыхъуар цIыхубэм я дежкIэ щхьэпэщ икIи тыншщ. Ар ди цIыхухэм щIэщыгъуэ ящыхъуну, тхылъымпIэкIэ тедза къыдэкIыгъуэхэр нэхъыбэм Iэпэгъу яхуэхъуну дыщогугъ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Зауэм и бынхэр

Зи Іэщlагъэм хуэlэижь

Мы тхыгъэр зи Іэдакъэ къыщlэкlар «Адыгэ псалъэ» газетэм щылажьэхэм щlэх-щlэхыурэ кхахыхьэу щыта Дзыгъо хъуей Мусэрбийр. Илъэс 42-кlэ Іэнатlэ зэхуэмыдэхэм пэрыта цlыху гумызагъэм пенсэм кlуа иужьи щыс иlакъым, жылагъуэ Іуэхухэм жьыдэру хэтащ, Новэ-Хьэмидей къуажэм и ветеранхэм я зэгухэныгъэм и унафэщlу цыхэщ илъэсипщlым щигъуэкlэ, илъэгъуэ-зрихьэлъ цlыхухэм ятеуха тхыгъэ хупщlафlэхэр къызэринкlащ.

ЦIЫХУМ Іэщlагъэр къыдалъхуу щыжаlэм щыхьэт техъуэ Іэджэ гъащlэм ущрохъэлlэ. Абы игуми и псэми дыхьэр пасэ дыдэу къыщlохини щыlэщ, зэман гуэркlи игу ирихьын лъэхъуэу гъуэгурыкlуэнри хэлъщ. Фlыуэ плъагъу Іэщlагъэращ насыпыфlэ уэшцlыр, уи лэжьыгъэ тщlы-зыгъэпсынщlэр.

Тэрч районым хыхьэ «Красная звезда» зи фlэщыгъэ кlолхозым и пщlэр лъагэу зыlэта механизатор куэд иlащ: щlым елэжьыным хуэlэзэу, гъавэ бэв кърахьлlэу. Абыхэм я цlэр районымрэ республикомрэ я закъуэтэкъым щыlур, атlэ, ар нэсат къэралым и адрей щlыпlэхэми. Орденхэмрэ медалхэмрэ, фlыщlэ гуапэ тхылъхэр къыхуагъэфощагъ, колхозым и тхьэмадэ Пачагуэ Аминтэжрий «Социалистическэ Лэжьыгъэм и Пашхъурэ» цlэр кыфlащри Лениным и орденри къратат. А зэманым зи цlэ фlыкlэ ркъапlуаххэм ящыщт Щомахуэ Индэрбий Анурбэч и къуэр. Абы хэлъхьэныгъэшхэ хуищlат колхозым и екъулlэныгъэхэм.

Индэрбий и сабиигъуэр зауэм хиубыдащ. Абы и адэ Анурбэч псом япэ фронтым Іухьахэм ящыщщ. Экъум и щхьэхуитыныгъэм папщlэ и псэр итащ. 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым «Фэеплъ тхылъ» къыщыдгъэзэкlам итщ мыпхуэдэу: «1918 гъэм Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуа Щомахуэ Анурбэч ТIуТI и хъуэр 1941 гъэм фронтым Іухьащ, 1942 гъэм шыщхьэпу мазэм зауэм хэкlуэдащ. Ар щаукlа щlыпlэри махуэри нобэр къызэдсым Іупщlкъым».

Индэрбий и анэ Хъэбибэ и сабиищыр щlилъкlащ, хабзэмрэ нэмысымрэ щlилъкlащ, гугъуехым щымышынэу, гущlэгъу яхэлъу, я жьым вдалъэу, лэжьыгъэм хуэlэрыхуэу игъэсащ.

Сабийуэ Индэрбий и нэгу щlэкlащ нэмыцэ хэрыпхъуэкlуэхэр къуажэм къыщысам хэщlыныгъэу кърагъ зыхуэдизыр. Ахэр я ныбэ изу щыхэзи хэзэмызэт, щыгъыныджэрэ щlыпlэ уаем ису, къэрэкъурэрэ зыхуэзэмрэ я гъэсыну, губгъуэм, мэзым къыщыкlэхэр я шхыныгъуэу. А зэман хьэлъэм халъхуа дэтхэнэми сабиигъуэ зищlысыр ямышlэу я къэхъуащ. Цlыкlуу плъагъуэ зи пщыгъупщэрыкlэм, гум къонэ.

Ди зауэлlхэм фашистхэр дахужа нэужь, къуажэдэсхэр хуиту бэуэжат, ауэ абыхэм къагъэна лъэужьыр урикъунт зэбгъэзэхуэжыну. Зэхэмыкlытауэ уэнэ куэд къыдэнатэкъыым къуажэм.

Нэмыцэхэр щlыпlэм ирахужа нэужь, лагъыымрэ топышэкlэ зэхаахыьа щlыр зыхуей хуагъэзэжри, гъавэ къэгъэкlыным елэжьын щlадзэжащ. Техникэу колхозым кlуэнар яхурикъуртэкъыми, нэхъыбэр Іэпщэ къарукlэ зэфlагъэкlыт, унагъуэхэм къахуэна жэм закъуэмкlэ вэхэрт. «Вы зимыlэм шкlэ щlещlэ» яхуиlэрати, зи Іэпкъльэпкъэр зэрымыубыда ныбжьыщlэ цlыкlухэри я анэхэм ябгъуэту яхуэзэфlэкl ялэжьырт, Іэпыдзlэпыдз хъуэрт. Къагурыкlуэрт нэхъыжьхэр зыхэт бэлыхьыр.

Щlалэ дыдэу Щомахуэм лэжьэн щlидзат. Жылlщlэр щlхьэх инэщlэу, псынщlэрэ Іуэхуэ лажьэрт. Апхуэдэ цlыху гуащlафlэм нэхъыжьхэми гу къылъамытэу къэнэртэкъым, сыт ищlыкlи къыщlагъакъуэрт ныбжьыщlэм. Апхуэдэу колхозым щылажьэуэрэ, и къулыкъу щlэгъуэм дэкlащ. Арри щlыхь пылъу къиухри, къуажэм къигъэзэжащ Индэрбий. Колхозым хыхьэжри, гъущlышым тетlысхьащ. Илъэс 14-кlэ трактороым тесу егупуу гъавэ къигъэкlащ, Іуихыжащ. Зэрымылэжьа гъущlыш лlэужьыгъуэ колхозым иlакъым МТЗ-50, МТЗ-80, МТЗ-4 экlолlэми, нэгъуэщlхэми. Апхуэдэуи комбаинми хуэlэрыхуэзэ ирилэжьащ. Гъавэ къызэрихьэлlэжь техникэр зэщlикъуэзэкыртри, адрей гъэм зэрырилэжьэнум хуэдэу игъэувыжырт. Лэжьэгъуэ зэманым абы и трактороыр щlыкъуэ къэхъуртэкъым. Щхьэх жыхуэпlэр ищlэртэкъым щlалэм.

Апхуэдэу лэжьакlуэ емызэшыжьым дэкъхуэщlри нартыхуэгъэкl механизированнэ звеном и унафэщlу ягъэуващ. Ар пщlэшхуэт абы и дежкlэ, икlи зыгъэувэжэр къыщзэрыщlыгуэм хуэдэу къыщlэкlащ.

Индэрбий зи унафэщl бригадэм гъэ къэс нартыху бэв къэгъэкlынхэр къекъуlэрти, арат абыхэм нэхъыбэрэ бжыгъэр щlавдыдыр. Хьэсэм дэтхэнэ гектарми хуэзэу центнери 100-м щlигъу е нэхъыбэ къыщыгъэкlащ.

Индэрбий зи унафэщl бригадэм гъэ къэс нартыху бэв къэгъэкlынхэр къекъуlэрти, арат абыхэм нэхъыбэрэ бжыгъэр щlавдыдыр. Хьэсэм дэтхэнэ гектарми хуэзэу центнери 100-м щlигъу е нэхъыбэ къыщыгъэкlащ.

Щомахуэм иlэ зэфlэкlым хигъэхъуэнымкlэ сэбэпышхуэ къыхуэхъуат нартыху къэгъэкlыным нэхъыфlыжу щыгъуазэ зищlыну Молдавием зэрагъэкlуар. Абы щlилъэгъуэгъэ зэкиехэмрэ дерс къыхихар и щlэгъэкъуэну, ехъулlэныгъэфlэхэр иlэу лэжьащ ар и къару къиныбэу.

И гущlэ емыблэжу и Іэнатlэ пэрыта Индэрбий тыгъэ лъапlэхэри къратащ. Абы и бгъэм хэлът «Дружбэ народов» орденыр, «1975, 1976, 1980 гъэхэм зэхъэзэхуэм щlэтекlуа», «XI илъэситхум и ударник» дамыгъэхэр, ВДНХ-м и дижьын медалыр. Апхуэдэу Текlуэныгъэр илъэс 75-рэ щрикlуу гъэм «Зауэм и бынхэр» зытет медалыр къыхуагъэфащащ.

Индэрбий сыткlи зыкъэщlигъакъуэ, и гугъуехьри зэхищlыкlыу, и шхынкlи къыхэсакъыу къыдекlуэ и щхьэгъусэ Жения фlыщlэшхэ хуэфащэщ. Ари илъэс 30-кlэ и гущlэ емыблэжу колхозым хэтащ. Сэри солажьэ жимыIэу, унагъуэр зыхуей хуигъэзащ. Индэрбийрэ Женярэ гъащlэ дахэ зэдахьащ, бынитху зэдапlащ, зыхуей хуагъэзащ, ирагъэджащ. Зэщхьэгъусэхэр мыпсэужми, къащlэна я бынхэм адэ-анэм я пщlэр яlыгъыу дунейм тетщ.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Хэку зауэшхуэр щекlуэкlым «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм пыдощ. Нобэ фи пащхьэ идолъхуэ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм дэ лъахэгъуэхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ ятеуха тхыгъэхэм ящыщ.

Мухьэмэд Макитовым зэрихьа лIыгъэр

Редакцием щылажьэ товарищхэ! Нэгьабэ гъэмахуэм ди частым щыщ зауэлlи 5-м - Севернэ Кавказым щыпсэу цlыхуэхэм ящыщхэм я письмо «Комсомольскэ правдэм» тезхуауэ щытащ. Абыхэм я хэкум къыщалъхуа цlыхуэхэр къыхураджащ я бгыхэм я екlуэлlапlэхэр хуабжьу къуажэхэм икlи псалъэ быдэ ятауэ щытащ, езыхэм къабгъэдэкуэ къалэныр зыбгъэдэт Іэнатlэм псэемыблэжу щагъэзэщlэну. А письмор зытехъэм ящыщ зыщ адыгэ щlалэ хахуэ Мухьэмэд Макитовыр. Иджыблагъэ плыхъыжь лIэкIэу лIащ, езым бгъэдэхуэ къалэныр щыхь пылъу игъэзащlэри. Илъэс 14-кlэ трактороым тесу егупуу гъавэ къигъэкlащ, Іуихыжащ. Зэрымылэжьа гъущlыш лIэужьыгъуэ колхозым иlакъым МТЗ-50, МТЗ-80, МТЗ-4 экlолlэми, нэгъуэщlхэми. Апхуэдэуи комбаинми хуэlэрыхуэзэ ирилэжьащ. Гъавэ къызэрихьэлlэжь техникэр зэщlикъуэзэкыртри, адрей гъэм зэрырилэжьэнум хуэдэу игъэувыжырт. Лэжьэгъуэ зэманым абы и трактороыр щlэтекlуэнэ звеном и унафэщlу ягъэуващ. Ар пщlэшхуэт абы и дежкlэ, икlи зыгъэувэжэр къыщзэрыщlыгуэм хуэдэу къыщlэкlащ. «1918 гъэм Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуа Щомахуэ Анурбэч ТIуТI и хъуэр 1941 гъэм фронтым Іухьащ, 1942 гъэм шыщхьэпу мазэм зауэм хэкlуэдащ. Ар щаукlа щlыпlэри махуэри нобэр къызэдсым Іупщlкъым».

Индэрбий и анэ Хъэбибэ и сабиищыр щlилъкlащ, хабзэмрэ нэмысымрэ щlилъкlащ, гугъуехым щымышынэу, гущlэгъу яхэлъу, я жьым вдалъэу, лэжьыгъэм хуэlэрыхуэу игъэсащ.

Сабийуэ Индэрбий и нэгу щlэкlащ нэмыцэ хэрыпхъуэкlуэхэр къуажэм къыщысам хэщlыныгъэу кърагъ зыхуэдизыр. Ахэр я ныбэ изу щыхэзи хэзэмызэт, щыгъыныджэрэ щlыпlэ уаем ису, къэрэкъурэрэ зыхуэзэмрэ я гъэсыну, губгъуэм, мэзым къыщыкlэхэр я шхыныгъуэу. А зэман хьэлъэм халъхуа дэтхэнэми сабиигъуэ зищlысыр ямышlэу я къэхъуащ. Цlыкlуу плъагъуэ зи пщыгъупщэрыкlэм, гум къонэ.

Ди зауэлlхэм фашистхэр дахужа нэужь, къуажэдэсхэр хуиту бэуэжат, ауэ абыхэм къагъэна лъэужьыр урикъунт зэбгъэзэхуэжыну. Зэхэмыкlытауэ уэнэ куэд къыдэнатэкъыым къуажэм.

Нэмыцэхэр щlыпlэм ирахужа нэужь, лагъыымрэ топышэкlэ зэхаахыьа щlыр зыхуей хуагъэзэжри, гъавэ къэгъэкlыным елэжьын щlадзэжащ. Техникэу колхозым къуэнар яхурикъуртэкъыми, нэхъыбэр Іэпщэ къарукlэ зэфlагъэкlыт, унагъуэхэм къахуэна жэм закъуэмкlэ вэхэрт. «Вы зимыlэм шкlэ щlещlэ» яхуиlэрати, зи Іэпкъльэпкъэр зэрымыубыда ныбжьыщlэ цlыкlухэри я анэхэм ябгъуэту яхуэзэфlэкl ялэжьырт, Іэпыдзlэпыдз хъуэрт. Къагурыкlуэрт нэхъыжьхэр зыхэт бэлыхьыр.

Щlалэ дыдэу Щомахуэм лэжьэн щlидзат. Жылlщlэр щlхьэх инэщlэу, псынщlэрэ Іуэхуэ лажьэрт. Апхуэдэ цlыху гуащlафlэм нэхъыжьхэми гу къылъамытэу къэнэртэкъым, сыт ищlыкlи къыщlагъакъуэрт ныбжьыщlэм. Апхуэдэу колхозым щылажьэуэрэ, и къулыкъу щlэгъуэм дэкlащ. Арри щlыхь пылъу къиухри, къуажэм къигъэзэжащ Индэрбий. Колхозым хыхьэжри, гъущlышым тетlысхьащ. Илъэс 14-кlэ трактороым тесу егупуу гъавэ къигъэкlащ, Іуихыжащ. Зэрымылэжьа гъущlыш лIэужьыгъуэ колхозым иlакъым МТЗ-50, МТЗ-80, МТЗ-4 экlолlэми, нэгъуэщlхэми. Апхуэдэуи комбаинми хуэlэрыхуэзэ ирилэжьащ. Гъавэ къызэрихьэлlэжь техникэр зэщlикъуэзэкыртри, адрей гъэм зэрырилэжьэнум хуэдэу игъэувыжырт. Лэжьэгъуэ зэманым абы и трактороыр щlэтекlуэнэ звеном и унафэщlу ягъэуващ. Ар пщlэшхуэт абы и дежкlэ, икlи зыгъэувэжэр къыщзэрыщlыгуэм хуэдэу къыщlэкlащ.

Ар щаукlа щlыпlэри махуэри нобэр къызэдсым Іупщlкъым».

Индэрбий и сабиигъуэр зауэм хиубыдащ. Абы и адэ Анурбэч псом япэ фронтым Іухьахэм ящыщщ. Экъум и щхьэхуитыныгъэм папщlэ и псэр итащ. 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым «Фэеплъ тхылъ» къыщыдгъэзэкlам итщ мыпхуэдэу: «1918 гъэм Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуа Щомахуэ Анурбэч ТIуТI и хъуэр 1941 гъэм фронтым Іухьащ, 1942 гъэм шыщхьэпу мазэм зауэм хэкlуэдащ. Ар щаукlа щlыпlэри махуэри нобэр къызэдсым Іупщlкъым».

Индэрбий и анэ Хъэбибэ и сабиищыр щlилъкlащ, хабзэмрэ нэмысымрэ щlилъкlащ, гугъуехым щымышынэу, гущlэгъу яхэлъу, я жьым вдалъэу, лэжьыгъэм хуэlэрыхуэу игъэсащ.

Сабийуэ Индэрбий и нэгу щlэкlащ нэмыцэ хэрыпхъуэкlуэхэр къуажэм къыщысам хэщlыныгъэу кърагъ зыхуэдизыр. Ахэр я ныбэ изу щыхэзи хэзэмызэт, щыгъыныджэрэ щlыпlэ уаем ису, къэрэкъурэрэ зыхуэзэмрэ я гъэсыну, губгъуэм, мэзым къыщыкlэхэр я шхыныгъуэу. А зэман хьэлъэм халъхуа дэтхэнэми сабиигъуэ зищlысыр ямышlэу я къэхъуащ. Цlыкlуу плъагъуэ зи пщыгъупщэрыкlэм, гум къонэ.

Ди зауэлlхэм фашистхэр дахужа нэужь, къуажэдэсхэр хуиту бэуэжат, ауэ абыхэм къагъэна лъэужьыр урикъунт зэбгъэзэхуэжыну. Зэхэмыкlытауэ уэнэ куэд къыдэнатэкъыым къуажэм.

Нэмыцэхэр щlыпlэм ирахужа нэужь, лагъыымрэ топышэкlэ зэхаахыьа щlыр зыхуей хуагъэзэжри, гъавэ къэгъэкlыным елэжьын щlадзэжащ. Техникэу колхозым къуэнар яхурикъуртэкъыми, нэхъыбэр Іэпщэ къарукlэ зэфlагъэкlыт, унагъуэхэм къахуэна жэм закъуэмкlэ вэхэрт. «Вы зимыlэм шкlэ щlещlэ» яхуиlэрати, зи Іэпкъльэпкъэр зэрымыубыда ныбжьыщlэ цlыкlухэри я анэхэм ябгъуэту яхуэзэфlэкl ялэжьырт, Іэпыдзlэпыдз хъуэрт. Къагурыкlуэрт нэхъыжьхэр зыхэт бэлыхьыр.

Щlалэ дыдэу Щомахуэм лэжьэн щlидзат. Жылlщlэр щlхьэх инэщlэу, псынщlэрэ Іуэхуэ лажьэрт. Апхуэдэ цlыху гуащlафlэм нэхъыжьхэми гу къылъамытэу къэнэртэкъым, сыт ищlыкlи къыщlагъакъуэрт ныбжьыщlэм. Апхуэдэу колхозым щылажьэуэрэ, и къулыкъу щlэгъуэм дэкlащ. Арри щlыхь пылъу къиухри, къуажэм къигъэзэжащ Индэрбий. Колхозым хыхьэжри, гъущlышым тетlысхьащ. Илъэс 14-кlэ трактороым тесу егупуу гъавэ къигъэкlащ, Іуихыжащ. Зэрымылэжьа гъущlыш лIэужьыгъуэ колхозым иlакъым МТЗ-50, МТЗ-80, МТЗ-4 экlолlэми, нэгъуэщlхэми. Апхуэдэуи комбаинми хуэlэрыхуэзэ ирилэжьащ. Гъавэ къызэрихьэлlэжь техникэр зэщlикъуэзэкыртри, адрей гъэм зэрырилэжьэнум хуэдэу игъэувыжырт. Лэжьэгъуэ зэманым абы и трактороыр щlэтекlуэнэ звеном и унафэщlу ягъэуващ. Ар пщlэшхуэт абы и дежкlэ, икlи зыгъэувэжэр къыщзэрыщlыгуэм хуэдэу къыщlэкlащ.

Ар щаукlа щlыпlэри махуэри нобэр къызэдсым Іупщlкъым».

Индэрбий и сабиигъуэр зауэм хиубыдащ. Абы и адэ Анурбэч псом япэ фронтым Іухьахэм ящыщщ. Экъум и щхьэхуитыныгъэм папщlэ и псэр итащ. 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым «Фэеплъ тхылъ» къыщыдгъэзэкlам итщ мыпхуэдэу: «1918 гъэм Инарыкъуей къуажэм къыщалъхуа Щомахуэ Анурбэч ТIуТI и хъуэр 1941 гъэм фронтым Іухьащ, 1942 гъэм шыщхьэпу мазэм зауэм хэкlуэдащ. Ар щаукlа щlыпlэри махуэри нобэр къызэдсым Іупщlкъым».

Индэрбий

Экономикэ
Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ
Жылагъуэ Іуэху

● Жылагъуэ

Хьэхэм фахуэсакъ. Ахэр шынагъуэщ

Щысабийм хьэхэм зэ мыхъуми ямыгъэшына цIыху къэгъуэтыгъуейщ. Псом хуэмыдэу ар къуажэм щыпсэумэ. Зэдзэкъахэри яхэтщ, и лъэужьыр хэмыгъуэщэжу. Си зэманым ди школым щеджащ зи нэкIум хьэдзэкъапIэ иIэ хъыджэбз цIыкIу. Езыр дахэт, зэкIужт, ауэ а дагъуэр нэм къыщIэуэрт. ЩIэныгъэм зиужьурэ, дохутырхэр нэхъ лъэрызехьэ хъуа иужь щIэрыщIэу операцэ иригъэщIащ. ЕджапIэр къиухри, сэ ар слъагъужакъым, ауэ сыгугъащ, и Iуэхухэр зэпэщу зэхэсхати. Къепхъуар я гъунэгъум и хьэрт...

ДЭ ди ныбжьэгъуу икIи ди унагъуэм щыщу къэтлъытэ а псэущхьэр языныкъуэхэм я деж зэрышынагъуэм щыхьэт техъуэ щапхъэхэр мащIэкъым. Ахэр щIэх-щIэхыурэ къоIу. АрщхьэкIэ абы и лъэныкъуэкIэ мазае блэкIар псоми ятекIуэжащ: ди къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхъуахэр апхуэдизкIэ гуемыIути, Къэрал Думэм и Іэтащхьэ Володин Вячеслав депутатхэм пщэрылъ ящищIащ абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ хабзэхэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэхьэзырыну. Апхуэдэ къалэн зыхуигъэувари мы Iуэхур зэгъэщIылIаркъым, атIэ ищIагъ палатэм Унагъуэр хъумэнымкIэ, анагъэм, адагъэм, сабиигъуэм къыщхьэщыжынымкIэ и комитетырщ.

Ар икIи тэмэмщ: хьэхэр псом хуэмыдэу зыхуэлъэр нэхъ лъэрымыхьхэрщ. Мы зэманым дохутырхэр яужь итщ Сочи и гъунэм щыпсэу Королевхэ я къуэ илъэси 9 зи ныбжь цIыкIум и нэкIур зэфIэгъэувэжыным. Сабийр хьэхэм ячэтхъащ: ахэр кIапсэм къыкIэрыкIауэ къыщIэкIат сабийр щыблэкIым. Мы зэманым хабзэхъумэхэм Iуэхур зэхагъэкI. Сэтей къызэрыхъуамкIэ, ахэр зей цIыхухъур а лъапсэм щыпсэуртэкъым, и щIапIэр зыхъумэхэм ерыскъы къахуишэу арат.

Ставрополь къыщыхъуа гуауэр зи Iэужьыр а къалэм щыпсэу цIыхубз гущIэгъулырщ. Абы хьэ хьэулейхэр игъашхэрт. Абыхэм ячэтхъащ джабэм IэжьэкIэ къежэх хъыджэбз цIыкIур. ЦIыхубзыр яубыдащ. Ар ягъэкъуаншэ зэрымыщIэкIэ цIыху зэрыIэщIэукIамкIэ. Тезыр нэхъ ин дыдэу тралъхьэфынур илъэситI телъу ягъэтIысынырщ.

Зи гугъу тщIар къэхъуахэм я нэхъ гуауэу тIурщ. Мазаем и махуи 10-м хьэхэр сабийхэм щатеуащ ЕсэнтIыгу, Екатеринбург, нэгъуэщI къалэхэм. Абыхэм ерагъкIэ къаIэщIэкIыфауэ аращ Пермь щыщ фызыжьыр. Мыхэр хэIущIыIу хъуахэрщ. ХэIущIыIу мыхъуахэр-щэ?

АрщхьэкIэ хьэ хьэулейхэр зытеуэр цIыхухэм я закъуэкъым. ТIасхъапIэ къызэрагъуэту, джэдэщым зыщIадзэри, джэдкъазыр Iисраф ящI. Хэбгъэзыхьмэ, зей унагъуэм щыщхэр щафыщI щыIэщ. Дауи, сабийхэр зыщагъэгъупщэн хуейкъым. АтIэ сыт хуэдэу мы къалэныр зэрызэфIахынур?

СССР-м и зэманым хьэ хьэулейхэр къэзыубыдыр къалэ хозяйствэм и лэжьакIуэхэрт. Зы щхьэм сомрэ кIэпIейкIэ 20-рэ щIатырт. Ящыщ Iыхьэр пIалъэкIэ яIыгът яIызыхын къагъуэтыху, адрейхэр ягъалIэрт. Абы къыдэкIуэу екIуалIапIэншэхэр, къызэрымыкIуэу бзаджэ хъуахэр губгъуэхэм щыщаукIыкIэ щакIуэхэри зыдагъэIэпыкъурт. 2018 гъэм къащтащ хьэхэр ягъалIэу хуит зымыщI хабзэ: ахэр хухаха хэщIапIэм псэухукIэ щаIыгъыу е ягущхъуа иужь яутIыпщыжу хуежьащ.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа комитетым и унафэщI Останинэ Нинэ и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, гъащIэм къигъэлъэгъуащ иджыри къэс къэралыр зытета хабзэр (убыдын, сэкIын, вакцинэ хэлъхьэн, утIыпщыжын) къызэремызэгъыжыр.

- Ди гупым хэтхэм зэдэарэзыуэ унафэ къащтащ а хабзэм къытекIыну. Аращ жылагъуэр шынагъуэ хэзыдзар. Ауэ, Iуэхур апхуэдэу гъэувапщи, дэ дызыпэщIэтыр хьэхэм я закъуэщ, - жеIэ Останинэм. - Дэ Iэмал дгъуэтыркъым ахэр зеяхэр, зэгуэр зэзышалIэу хыфIэзыдзэжахэр, жэуапым етшэлIэну.

- Ауэ цIыхухэм хьэулейхэм я мызакъуэу, унагъуэхьэхэри ятоуэ. Иужьрейхэм ятеухуауэ сыт жыпIэфын?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ далъэIэсыфыркъым зи хьэхэм якIэлъымыплъхэми. Абы къыхэкIыу унафэ къэщтэн хуейщ хьэ хьэулейхэми унагъуэхэм щаIыгъхэми ехьэлIауэ. ХэкIуэда сабийхэм я адэ-анэхэм я дежкIэ зыщ я быныр хэт IэщIэкIуэдами.

АтIэ сыт хэкIыпIэу флъагъур?

- Псэущхьэхэм къащхьэщыжхэм я деж фэжагъуэ къыщытхьыным дыщышынэным дыкъыпыкIын хуейщ. Депутатхэм жаIапхъэщ я псалъэ. Дэ къыхыдолъхьэ езыхэм нэхъ къезэгъыу къызэралъытэм хуэдэу Iуэхум бгъэдыхьэну щIыналъэхэр хуит ящIыну. НэгъуэщIу жыпIэмэ, къыпыкIыну. IэмалыншэкIым ясэкIыу махуэ 30 дэкIа иужь ахэр яутIыпщыныр. Хуеймэ, налог зыт и цIыхухэм я хьэкъкIэ ахэр ирегъашхэ, хуэмеймэ, къэмыушыжыну ирегъэжей. Абы къыхихынщ езым нэхъ фIэзахуэр.

- Абы щыгъуэм сыт хуэдэу зэрыбгъэдыхьэн хуейр ерыскъы хуахьурэ хьэ хьэулейхэр зыгъашхэ цIыху гущIэгъулыхэм?

-Дэ дызытепсэлъыхьыр псэущхьэхэм жэуаплыныгъэ хэлъу ябгъэдэтын зэрыхуейм теухуа хабзэрщ. Уэ зи гугъу пщIыр нэгъуэщIщ. КоАП-м хуит ищIыркъым хьэхэр сабий джэгупIэхэм, жылагъуэ зэхуэсыпIэхэм щаIыгъыу. Ар къызэпызыудхэм ахъшэкIэ йотхьэкъу, арщхьэкIэ ар апхуэдизкIэ цIыкIущи, къыхэщыххэркъым. Хьэхэр ерыскъы хуахьурэ зыгъашхэ цIыхухэм етхьэкъухэркъым.

Дэ къыдолъытэ зи псэущхьэхэр зыхуей хуэзымыгъазэм хуэдэу ерыскъы яхуэзыхьурэ хьэ хьэулейхэр зыгъашхэхэри жэуапым ешэлIэн хуейуэ. УфIэгуэныхьмэ, шэи уи унэ щыгъашхэ икIи щыкIэлъыплъ. ЖысIэнщи, итIанэ ахэр хуахьурэ щIагъэшхэн щхьэусыгъуэ щыIэжыххэнукъым..

- ЦIыхур лIэхукIэ зэхэзыфыщIа хьэр зейм иджыпсту тезыру лъэхъуэщым исыну илъэситI тралъхьэ. ЯзыныкъуэхэмЯ я деж ямыгъэтIысуи Iуэхур зэфIагъэкI. Мыбдежым щымыпуд дыдэу пIэрэ цIыху гъащIэр?

- Дэ ди мурадщ а пIалъэр илъэсищым нэс къэтIэтыну. Нэхъ ткIиижуи дыбгъэдыхьэнут, ауэ юристхэм ар хабзэм къимытIасэу къыджаIэ. Мыбдеж щынэхъыщхьэр тезырыр зыхуэдизыркъым, атIэ езы щIэпхъаджагъэр къэмыгъэхъунырщ. Аращ ди мурад нэхъыщхьэр.

Мис апхуэдэ Iэужьхэр кърикIуащ хьэхэр цIыхухэм нэхъыбэрэ ятеуэ зэрыхъуам. Ауэ нэхъри нэхъыфIт ягъэхьэзыр хабзэщIэр апхуэдиз нэщIэбжьэм япэ къихуэу къащтамэ.

● ТекIуэныгъэ-80

Балатон и деж

Илъэс 80 ипэкIэ, 1945 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 15-м нэс, Венгрием и Балатон гуэлым и Iуфэм щекIуэкIа зауэзэрылIыр апхуэдэу цIэрыIуэкъым, ауэ абы и мыхьэнэр нэхъ цIыкIуакъым зэхэуэ нэхъ инхэм яIам нэхърэ. Ар ипэжыпIэкIэ щытащ Гитлер игъэхьэзыра иужьрей удыну икIи и гугъу щащIкIэ мыбдеж къыщагъэсэбэп «иужьрей» псалъэр: «нэмыцэхэм я иужьрей егъэрыкIуэныгъэ», «иужьрей танк зэхэуэ», «Рейхым и иужьрей гугъапIэ».

А ПСОРИ пэжщ, ауэ мащIэщ. 3-нэ Украин фронтым и дзэхэм хэту зэуахэр куэд зи нэгу щIэкIа цIыхухэт. Абыхэм ящыщ куэдым жаIэрт абдеж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм хуэдэ жыхьэнмэ Сталинград щимылъэгъуауэ.

Ар телъыджэу къыпщохъу: зауэр и кIэм нэблэгъат, плъыжьыдзэр къызэфIэмыщIэу егъэрыкIуэрт, псори пэплъэрт лъырэ пщIэнтIэпскIэ къихьа текIуэныгъэр ягъэлъэпIэным. АтIэ дэнэ апхуэдэ удын къыздикIар, псори къызэтригъэщэхэнкIэ шынагъуэ къиту? «Ар зауэр зэрекIуэкIрэ къыдадза нэхъ удын шынагъуэхэм ящыщт. Мыбы танк куэдыщэ щызэхуашэсат. Маршал Толбухиным хузэфIэкIащ а удыным пэувыфын, иужькIи нэмыцэхэр хьэбэсабэу зэхикъутэн», жиIат Сталин Иосиф.

Апхуэдэ удыныр абы япэ иту Балатон и Iэшэлъашэхэм къыщрадзахэм я иужьрейт икIи, зэрыжаIэщи, яIэри ямыIэри зэхалъхьэри ягъэхьэзырат. АтIэ сыт хуэдэ къарут абы пэщIигъэувар Толбухин Федор? Фочауэ полкхэм хэт ротэхэм я бжыгъэр зы щIыпIэм 7-м, адрейм 5-м, нэгъуэщIым 3-м щыхуагъэкIуэн хуей хъуат. Езы ротэхэм хэт цIыху бжыгъэри зы щIыпIи цIыху 73-м щыщIигъуртэкъым. АрщхьэкIэ 26-нэ армэм щытыкIэр щынэхъыкIэжт - ику иту цIыху 43-рэ. Езэша ди зауэлIхэр хуэдитIкIэ, уеблэмэ хуэдищкIэ полкхэм щынэхъ мащIэт. Ахэр япэщIэувэн хуейт генерал Дмитрих и унафэм щIэт эсэсовцхэм я 6-нэ танк армэм, иджыблагъэ екIуэкIа Арденн Iуэхум щыгъуэ инджылыз-американыдзэхэр щхьэрыхьу езыхужьэпам. Ар танк щIэрыпсхэмкIэ зэщIэузэдат, хэбгъэзыхьмэ, иджыри къэс зы щIыпIи къыщамыгъэсэбэпа IэмэпсымэщIэ дыдэхэу жэщкIэ уэзыгъэлъагъухэр яIэт. ИкIи, нэхъыщхьэращи, хэт псори фюрерым гъунапкъэншэу хуэпэжт - СС-м нэгъуэщIхэр хагъэтыртэкъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Гитлер и блыгущIэтхэр щыгугъыртэкъым а зы удынымкIэ зауэр къахьэхуну - ар абы щыхагъэщIакIэт. Ауэ пфIахьэху хъунум хуэмыдэу нэгъуэщI Iуэхущ псалъэмакъыншэу зептыныр. Ауэ куэдкIэ нэгъуэщIщ, зыкъомкIэ ухилъафэми, мамырыгъэ зэпщIылIэныр. Абы щыгъуэми, а мамырыгъэр зращIэкIыну я мурадыр Гитлер и бий коалицэм хэт зы лъэныкъуэрт...

«Гъатхэ къызэщIэушэныгъэ» - арат а егъэрыкIуэныгъэм фIащар - къайхъулIэмэ, фашистхэр а мурадым лъэIэсынкIэ хъунут. СС-м и 6-нэ танк армэм 3-нэ Украин фронтыр пхретхъ, ди зауэлIхэр Дунай зэпрехуж, итIанэ «Альп бгыхэм щыIэ быдапIэр» ихъумэну Ипщэ Германием макIуэ, адэкIэ Австриер, Венгрием щыщ Iыхьэр еубыдыж, Италием и ищхъэрэ щIыналъэм зыщегъэбыдэ. А псори пIалъэ кIыхькIэ иIыгъыну Гитлер и мурадт. АпщIондэхукIэ коалицэм хэтхэр зэщыIеижынут, инджылызхэмрэ американхэмрэ мамыр зэгурыIуэныгъэ иращIылIэнымкIэ Iэмалхэр къыкъуокI... Щэхууи зэпсалъэу щIадзакIэт. Дипломат икIи тIасхъэщIэх Даллес Алленрэ СС-м и обергруппенфюрер Вольф Карлрэ я зэIущIэу дэ «Семнадцать мгновений весны» фильмымкIэ дызыщыгъуазэр Цюрих щыщекIуэкIар гъатхэпэм и 8-рщ - «Гъатхэ къызэщIэгъэушэныгъэм» зэрыщIидзэрэ махуитI фIэкIа дэмыкIауэщ. Нэмыцэхэр егъэрыкIуэрт, тIэкIу щIэрыIэжамэ, урысхэм захуэмыIыгъыжыфыну къафIэщIырт. Удыныр ирадзат 1941 гъэм зэрыщытам хуэдэу хьэщэхурыпхъуэу, къаруушхуэ къагъэсэбэпу икIи гущIэгъуншэу.

Псори зэпалъыта хуэдэт, ауэ зы щыуагъэшхуэ яIэщIэкIат: урысхэм я дежкIэ а удыныр зыпэмыплъауэ щыттэкъым. Ауэ бийм ар ищIэртэкъым, абы и гугъэт ди дзэзешэхэр къагъэпцIауэ, ахэр ягъэщхьэрыуауэ.

Мис а 6-нэ танк армэр КъуэкIыпIэ фронтым ягъэIэпхъуэу щIадзат 1945 гъэм и щIышылэм. Псоми я гугъат ар Берлин ихъумэну ягъакIуэу. Британием и штаб нэхъыщхьэм къыбгъэдэкIри, ди лъэныкъуэм къыIэрыхьат апхуэдэ хъыбар. ИужькIэ инджылызхэм къахутащ а хъыбарыр зэрыпцIыр: 6-нэ танк армэр здагъакIуэр Берлинтэкъым, атIэ Балатонт. АрщхьэкIэ япэрейуэ къита хъыбарыр пцIыуэ къызэрыщIэкIар Дзэ Плъыжьым щабзыщIащ. СССР-м Iуэхур зыIутыр къызэрыгурыIуар Сталиным США-м и президент Рузвельт щыжриIэжар мэлыжьыхьым и 7-рщ: псори зэфIэкIа, Балатон и деж ди зауэлIхэр щытекIуа иужьщ.

Курск и щIыналъэр гуауэ зэрыщымыщIэщ

Сыт хуэдэ зауэми, зэрыгурыIуэгъуэщи, удыным я нэхъ хьэлъэр икIи япэр зылъысыр къэрал гъунапкъэм Iус жылэхэрщ. Тхыдэм наIуэу къызэригъэлъагъуэщи, ди къэралым бийр нэхъыбэу къыщытеуар къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэщ. Абы къыхэкIыуи, нэхъ гуауэщхьэуэ нэхъыбэ зи нэгу щIэкIахэм, ноби апхуэдэ гузэвэгъуэ щымыщIэхэм ящыщщ Курск къалэмрэ и Iэгъуэблагъэхэмрэ.

ХЭКУ зауэшхуэм и тхыдэм ухэплъэмэ, мыхьэнэ нэхъ ин зиIа, увыпIэшхуэ зыубыд Iыхьэщ Дзэ Плъыжьыр Курск деж нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм 1943 гъэм зэращыпэщIэтар. Фашистхэм икъукIэ къаруушхуэ ирахьэлIат зэман кIэщIым мыбдеж текIуэныгъэ къыщахьу адэкIи ипэкIэ кIуэтэным. И мурадыр зригъэхъулIэн папщIэ и зауэлI зэрыпхъуакIуэхэми, техникэми, Iэщэми я бжыгъэм щысхьакъым.

Тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, зэи къэхъуакъым мыпхуэдиз танкрэ топрэ, Iэщэ зыхэта зауэ - ар минихым щIигъурт. Мэзкуурэ Сталинградрэ бийр къыщыбгъэдыхьэм ди Дзэ Плъыжьым лIыгъэ ин хэлъу зауэу къиихьа текIуэныгъэхэм щыгъуэ апхуэдиз техникэ къигъэсэбэпыну Iэмал иIакъым.

Курск деж щекIуэкIа зауэшхуэм 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м къыщыщIэдзауэ и 23 пщIондэ ди дзэр бийр къызэтригъэувыIэным, зихъумэжыным щIэзэуащ, иужькIэ шыщхьэуIум и 3-м егъэрыкIуэн щIидзэри, махуэ 20-м нэмыцэдзэр зэтрикъутэн хузэфIэкIащ. Сталинград деж фашистхэм щрата хэщIыныгъэм кIэлъыкIуэу, мы ехъулIэныгъэр ди ТекIуэныгъэшхуэм и пэщIэдзэ хъуащ икIи абы иужь къикIуэт имыIэу, зэпымыууэ ехъулIэныгъэ фIэкIа имыIэу, биидзэр къанэ щымыIэу зэтрикъутэху егъэрыкIуащ.

1943 гъэм и щIымахуэм ди Дзэ Плъыжьымрэ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэмрэ фронтым километри 150-м щIигъу и кIыхьагъыу, километр 200 хуэдиз и бгъуагъыу зым адрейр иригъэкIуэтыну яужь щихьам уэрдыхъу теплъэ игъуэтати, Курск деж щызэхэта зауэм фIэщыгъэу ар игъуэтащ. Сыт хуэдэ Iэмалри хьилагъэри къагъэсэбэпу, ди дзэм иIэ ехъулIэныгъэр IэщIагъэкIынырт бийм къалэн нэхъыщхьэу хуагъэувар. Нэмыцэхэм я унафэщIхэм къагурыIуат, армырамэ, текIуэныгъэм щыгугъыныр зэрыщхьэгъэпцIэжыр, Дзэ Плъыжьым къызэрыпэмылъэщынур.

Фашист Германием и генералхэм нэхъ лъэрызехьэхэр зи пашэ, зи лъэкIыныгъэр нэхъ ину къалъытэхэм ящыщ дивизэу щэ ныкъуэ мы зэпэщIэтыныгъэм къыхашат. Ахэр зауэлI мин щибгъу хъурт. Iэщэ зэмылIэужьыгъуэу яIэщIэлъар минипщIым щIигъурт. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр нэхъ зэрыгушхуэ танкхэу «Тигр», «Пантера», «Фердинанд» жыхуаIэхэр, абыхэм яхуэфэщэн нэгъуэщI техникэу къагъэсэбэпахэр минищым нэблагъэрт. Къыдэзэуахэм кхъухьлъатэу а зауэм хухахар минитI хуэдизынт. Фашистхэм шэч лъэпкъ къытрахьэртэкъым апхуэдиз техникэрэ щхьэ бжыгъэрэ зрашэлIа зэпэщIэтыныгъэм езыхэр хэти зэрыщыпэлъэщынум, дагъэбэлэрыгъыу, къаруушхуэкIэ къыттеуэу икIэщIыпIэкIэ текIуэныгъэ зэрыщаIэнум.

Советыдзэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэкIэ Курск деж щызэуэн ипэ къихуэу фронтитI къызэригъэпэщащ, зауэлI бжыгъэкIэ мелуанитIым нэс хэту, плIэрыдзэ Iэщэу мин 26-кIэ, танкыу минитхум нэблагъэ, шэрхъ зыщIэт топу минищ ирикъуным щIагъуэ мычэмкIэ Дзэ Плъыжьыр зэщIаузэдащ. КъытпэщIэт бийм и зауэлIхэри, техникэри, Iэщэри тIукIэ нэхъыбэт.

Ди зы фронтым и унафэщIыр дзэм и генерал Рокоссовский Константинт, етIуанэм - армэм и генерал Ватутин Николайт. ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ хъумэ, абы зыщIигъэкъуэну хьэзыру щытынут дзэм и генерал-полковник Конев Иван зи унафэщI фронтыр.

Бадзэуэгъуэм и 5-м фашистхэр Орёлрэ Белгородрэ икIыу Курск Iэпхъуэу щIадзащ. Тхьэмахуэ дэкIа иужь, километр 56-кIэ Белгород нэхъ пэмыжыжьэу, Прохоровкэ гъуэщI гъуэгу станцым деж ЕтIуанэ дунейпсо зауэм танккIэ нэхъ гуащIэ дыдэу щызэуа, апхуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэу 1200-рэ зыхэта Iыхьэр щекIуэкIащ. Iэщэмрэ техникэмрэ къэгъэнауэ, мы лъыгъажэ зэхэуэм хэта сэлэтхэр IэпщэрыбанэмI убгъуауэ щыхуэкIуаи къэхъуащ. А зы махуэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм цIыху щхьэ бжыгъэу минипщI хуэдиз, танкыу, топу 360-м щIигъу яфIэкIуэдащ икIи икIуэтын хуей хъуащ.

Курск и Iэшэлъашэм щекIуэкIа зауэм фашистыдзэм дивизэу 30, сэлэтрэ офицеру яукIами уIэгъэ хьэлъэ, гъэр хъуами щитхум щIигъу щафIэкIуэдащ, танкрэ топу 1500-рэ, кхъухьлъатэу минитIым нэблагъэ Дзэ Плъыжьым зэтрикъутащ.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIа а зэпэщIэтыныгъэм ди зауэлIхэм щызэрахьа лIыгъэм папщIэ часть, полк зэмылIэужьыгъуэу 132-м гвардейскэ, 26-м щIыхь зиIэ Орловскэ, Белгородскэ, Харьковскэ цIэ лъапIэхэр фIащащ.

Курскэ областым текIуэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ Ленинным и орден хуагъэфэщащ, езы Курск къалэм 2007 гъэм Урысейм и Президентым и унафэкIэ «Дзэ щIыхьым и къалэ» цIэр фIащащ, ар зи щыхьэр областым Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къратащ.

Сталинградрэ Курск и Iэшэлъашэмрэ щызэхэта зауэшхуэхэм деж къыщыщIидзащ Дзэ Плъыжьым и текIуэныгъэшхуэмкIэ цIыхубэр фашизмэм къригъэлыныр. Абы и мызакъуэу Румынием, Венгрием, Болгариеми я гупэр къытхуагъэзащ, нэхъ гъунэгъу, ныбжьэгъу зыкъытхуащIыным щIэкъу хъуащ. Тырку къэралыгъуэри ГерманиемкIэ емыплъэкI хъуащ, дэ нэхъ гуапэу къызэрытхущытыным яужь ихьащ.

Мис апхуэдэ мыхьэнэ ин иIащ Курск деж щекIуэкIа зауэм.

ШАФИЙ Аслъэн.

● Iусыпхъэхэр

ЩIымахуэм тэмэму щIокI

2025 гъэм и щIышылэм и кIэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм псори зэхэту Iусыпхъэ тонн мин 11,68-рэ яIащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм зэтралъхьауэ щытам нэхърэ процент 9,2-кIэ нэхъыбэщ ар, къитащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

КЪАПЩЫТЭЖ лъэхъэнэм къриубыдэу республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэхэм Iус зэхэлъу ягъэтIылъащ тонн мини 9-м нэблагъэ, ари процент 18,8-кIэ нэхъыбэщ 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм ирихьэлIэу яхузэфIэкIам нэхърэ. Зы Iэщым къылъысу Iусыпхъэу ягъэхьэзыращ центнери 3,4-рэ хуэдиз е 2024 гъэм и щIышылэ мазэм щыIа бжыгъэхэм процентэ 117,4-кIэ хуэкIуэу.

IэщыхъуэхэмзэрыжаIэмкIэ, щIымахуэм епхауэ кIэрыт Iэщыр зрикъун Iусыпхъэр зэтеплъхьа нэужь, абыхэм гъэр жьэпэпсу ирамыхынкIэ шынагъуэ щыIэкъым икIи, абы къыдэкIуэу, мэкъумэш продукцэм и куэдагъыи хэбгъэхъуэну Iэмал къуэт.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Гъатхэпэм къытхуихьахэр

Гъатхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэщ. Абы и япэ мазэм ди гъащIэм щIэ куэд къызэрыхыхьэм дэ десэжащ. Псом хуэмыдэу хабзэхэмрэ пщалъэхэмрэ ехьэлIауэ. Мыгъэрейри абы и лъэныкъуэкIэ адрейхэм къакIэрыхуркъым. Мис ящыщ языныкъуэхэр.

2025 ГЪЭМ гъатхэпэм и 1-м я пенсэхэм хэхъуащ дзэ къулыкъум пэрытахэм, апхуэдэу полицейуэ IэнатIэ езыхьэкIахэм, Урысей гвардием хэтахэм, ФСИН-м щылэжьахэм, мафIэсгъэункIыфIхэу, суд приставхэу щытахэм. Абы щыгъуэми, пенсэхэр щIэрыщIэу къабжыжынущ щIышылэмрэ мазаемрэ пэкIуэн хуеяхэри хагъэхьэжу: Сыт ар къызыхэкIар? Ар зэхьэлIар пенсэхэр ипэжыпIэкIэ а мазэхэм зэрыхъун хуеям хуагъэкIуэжынырщ.

НаIуэу зэрыщытщи, нэгъабэ и жэпуэгъуэм а пенсионер лIэужьыгъуэхэм иратхэм хущIагъуауэ щытащ проценти 5,1-рэ, арщхьэкIэ илъэсыр иухащ инфляцэр проценти 9,5-м нэсауэ. ЩIэрыщIэу унафэ къащтащ абыхэм я пенсэхэр аргуэру проценти 4,4-кIэ къаIэтыну.

IэщIагъэлIхэм къызэрабжымкIэ, ахъшэ нэхъыбэ яIэрыхьэнущ цIыху мелуани 2,5-м хуэдизым. ЗэрытлъагъуIщи, абыхэм Iэмал ягъуэтащ нэхъыбэ къащэхуну. АрщхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, инфляцэр нэхъри дэкIуеймэ, я зэфIэкIым кIэрыхунущ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужьрейр и пIэ иткъым, уеблэмэ, куэдрэ япэ йощ. Ауэ сыт хуэдэ хэгъэхъуэныгъэри, фIыщ икIи щIэгъэкъуэн мэхъу.

Мы илъэсым и гъатхэпэм къару игъуэтащ псэупIэ унэ, гуэщ, нэгъуэщI псэуалъэ яухуахэр щIын зэрызэфIэкIыу дэфтэркIэ щIэгъэбыдэным тезыгъэгушхуэ хабзэхэм. Иджыри къэс ахэр ирамыгъэтхми хъууэ къекIуэкIащ. Апхуэдэу хабзэщIэм егъэув псэуалъэхэр зыхухаха мурадымкIэ фIэкIа къамыгъэсэбэпыну.

Росреестрым къитахэм ятепщIыхьмэ, дэтхэнэ щIыналъэми илъэс къэс къохутэ зы щIыпIи къыщымыгъэлъэгъуа уней псэуалъэхэу мини 5-м щIигъу. Ауэ ар ипэжыпIэкIэ куэдкIэ нэхъыбэщ: апхуэдэхэр птхыныр егъэлеяуэ гугъущ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу. Мыхьэнэ ин иIэщ мы хабзэр нэхъапэм яухуа икIи зыщыпсэу е къигъэсэбэп псэуалъэхэм зэралъэмыIэсым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, унэр ямытхамэ, зыри къакIуэу абы екIуалIэ электрокъарур пиупщIынукъым е псыр игъэбыдэнукъым. Мыр зыхуэгъэзар щIэуэ ящIхэм я закъуэщ.

ЖыIэн хуейщ щрагъэтхын хуей пIалъэри ткIийуэ зэрамыгъэуври, ар щыпсэуным е къигъэсэбэпыным зэрыхуэхьэзырыр къызэрамылъытэнури. Зыми игъэпIэщIэнукъым. Ауэ псэуалъэм электрокъаруи, гази, псыи ирашэлIэнукъым.

Мы Iуэхум гугъуехь, зэIумыбзыныгъэ гуэрхэри хэлъынукъым. Щхьэусыгъуэри къызэрыгуэкIщ: уней псэупIэ езыхэм я къарукIэ зыухуэхэм я нэхъыбэм фIы дыдэу къагурыIуэ иужькIэ зэдауэ къимыкIыжын папщIэ хабзэ и лъэныкъуэкIэ абы иIэ мыхьэнэр зыхуэдизыр.

Иужь илъэсхэм цIыху куэд егъэгулэз пцIыIуэпцIышэхэм къызэрагъэапцIэм, абыхэм езыхэм я цIэкIэ банкым ахъшэ къыIахыурэ, хьэгъэщагъэ зыхэлъ нэгъуэщI финанс Iуэхухэр зэхащIыхьурэ, я мылъкур зэрыфIагъэкIуэдым.

Апхуэдэу щыIэщ хуэмытыжын щIыхуэ къеIызыххэри. Ахэр ипэжыпIэкIэ хэкIыпIэншэу къонэ.

Мис а хъы бзаджэм имыхуэным хуэгъэзащ 2025 гъэм гъатхэпэм и 1-м къару зыгъуэта хабзэщIэр. Ар зэхьэлIар щIыхуэ къеIыпхыну уэ езым хуит зумыщIыжынырщ. Абы къикIри ахъшэм зыхуэбгъэныкъуэным и закъуэкъым. Куэдым я дежкIэ нэхъ мыхьэнэ зиIэр езыхэр зэмыгупсыса, зэпамышэч и Iуэхум хэмыхьэнырщ, щхьэтечу жыпIэмэ, хэмылъэдэнырщ, ЩIыхуэ къеIыпхын зэрумыдэмкIэ тхылъыр гъатхэпэм щегъэжьауэ, «Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр» порталым щыхэбгъэхьэ хъунущ уи кредит тхыдэм. ИужькIэ, фокIадэм и 1-м, МФЦ-м къыщагъэсэбэ-пу щIадзэнущ зы жыпхъэм иту гъэхьэзыра лъэIу тхылъыр.

АрщхьэкIэ къытедгъэзэжынщи, нэхъ ищхьэжыр иужь зэманым къатегуплIа хьэжьвакъэжьышххэм ялэжьхэм цIыхухэр нэхъ ящыхъума зэрыхъунурщ. Иджы гъэпцIакIуэхэм абы и лъэныкъуэкIи къагъэсэбэпыф Iэмалхэр хэпщIыкIыу нэхъ мащIэ хъунущ.

Ауэ фIэкIыпIэ имыIэу кредит къэпщтэн икIи абыкIэ лъабжьэ зиIэ щхьэсыгъуэ щыIэмэ, уи лъэIум сыт щыгъуи къебгъэгъэзэж хъунущ зыкIи и зэран къомыкIыу.

Иджыпсту зи гугъу тщIыну хабзэщIэм зыкъомкIэ игъэтыншынущ автомобиль тIорысэхэр щэн-къэщэхуным егъэщIылIа Iуэхур. Гъатхэпэм щыщIэдзауэ пща автомашинэр занщIэу зытептхыкIыж мэхъу нэхъапэм ягъэувауэ щыта махуи 10 пIалъэр икIыным упэмыплъэу. Пэжу, зэгурыIуэныгъэр нотариусым щIигъэбыдамэ е транспор-тыр суд унафэкIэ къыпIэрыхьамэ, ГИБДД-м, нэгъуэщI къэрал IуэхущIапIэхэм укIуэн, абы зэман тебгъэкIуэдэн хуейкъым. Апхуэдэу автомобилыр зыщэхуам фIэкIыпIэ зимыIэ ОСАГО иIэн хуейкъым.

Ауэ мыбы зыкъом игъэжэкъуэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. ЖытIам къикIыркъым транспортым страховкэ имыIэми хъуну: куэдым къалъытэ автомашинэр уи цIэкIэ егъэтхамэ полис уиIэу. ХабзэщIэр зыхуэгъэзар ар щэн-къэщэхун къудейрщ.

Гъатхэпэм нэгъуэщI хабзэ зыбжанэми къару ягъуэтащ, ауэ ахэр зыхуэгъэзар нэгъуэщI гупхэрщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

1942 гъэм и гъэмахуэм

Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэту хэкIуэдахэм я фэеплъыр - сэшхуэкIэ танкхэмрэ топхэмрэ япэщIэува шууей псэемыблэжыр - Налшык къалэм зэ къыдыхьам и нэгум къыщIонэ.

АР ЗЫТРАУХУА дивизэм, зэрытщIэщи, Сталинград екIуэлIапIэр ихъумащ. Абы и кIэухыр гукъутэт. Дауэ мыгукъутэнрэт, IэпщэпцIанэу жыхуаIэм хуэдэу, шым тесу нэмыцэ танкхэм пэщIэувэн хуей хъуурэ, ди щIыналъэм и къуэ пажэ мини 4-м нэблагъэр абы щыхэкIуэдакIэ?! ЛIыхъужьхэм я фэеплъыр республикэм и щыхьэрым къыщыщызэIуахар 2005 гъэрщ. Ар Налшык дэлъэдапIэм (Пятигорск къалэм укъыщикIкIэ) щытщ. Фэеплъыр зытет мывэр лъагэщ, скульптурэр нэхъ иныжу уегъэлъагъу Iэ ижькIэ сэшхуэр зышия зауэлIыр зытес шым и фIалъэ лъакъуитIымкIэ зыкъызэриIэтам.

115-нэ шуудзэр 1941 гъэм и дыгъэгъазэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щызэщIагъэуIуат. Абы хагъэхьат лэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэр. Гупыр 51-нэ армэм хэту, 1942 гъэм и гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм щапэщIэтащ Сталинградрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ. Ар щызэуащ Донрэ Волгэрэ я зэхуакум, Дон Iуфэ Iус Ростов и гъунэгъу щIыпIэхэу Мартыновкэ Инымрэ Мартыновкэ ЦIыкIумрэ, Пробуждение, Ремонтное къуажэхэм, Ново-Николаевскэ, Цимлянскэ станицэхэм, Къалмыкъым хыхьэ Цаган-Нур жылэм.

1942 гъэм накъыгъэм и 20-м къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 27 пщIондэ 51-нэ дзэр пэщIэтащ бийм танкрэ автотранспорткIэ къызэгъэпэща и дзэ къулыкъущIапIэхэу 40, 48-хэмрэ 6-нэ румын корпусым и дзэхэмрэ. Генерал Погребовым и унафэм щIэту къару лъэщ зэщIагъэуIуат. Абы 115-нэ шуудзэм къищынэмыщIа, хагъэхьат 255-нэ шуудзэ полкыр, танк бригадэ №40-р, 19-нэ гвардейскэ полкыр. Гупым къалэн хуагъэуват Мартыновкэ ЦIыкIум, Орловкэ Иным, Батлаевскэ лъэныкъуэкIэ кIуэуэ бийр а щIыпIэхэм къыщагъэувыIэну.

Бадзэуэгъуэм и 26-м, пщыхьэщхьэхуэкIуэу, 115-нэ шуудзэр иувыкIащ щIыпIэр ихъумэну. Бадзэуэгъуэм и 27-м зэуэн щIидзащ. Гупыр IэщэкIэ зэрызэщIэузэда щIагъуэ щыIэтэкъым: фоч, лагъым, топу зы мащIэ. Абы къыпэщIэтт я бжыгъэкIэ хуэдипщIкIэ нэхъыбэ нэмыцэ танкыдзэхэр. Ахэр уафэмкIэ къыщахъумэрт я кхъухьлъатэхэм. Бадзэуэгъуэм и 27-м къыщыщIэдзауэ шыщхьэуIум и 22 хъуху 1-нэ шуу гупыр зэхэуэ гуащIэхэм хэтащ. Пхуримыгъэкъужын хэщIыныгъэшхуэ игъуэтат, къуажэ зыбжанэкIэ къимыкIуэтуи хъуатэкъым. ШыщхьэуIум и 22-м шуудзэм унафэ къыIэрыхьащ Сталинград екIуалIэ щIыпIэр ихъумэну, нэхъыщхьэр - Цаган-Нур и Iэгъуэблагъэм и гъуэгухэмрэ Сарп гуэл зэпрыкIыпIэмрэт. Гупым а щIыпIэр мазиткIэ ихъумащ. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м хэщIыныгъэшхуэ зыгъуэта дивизэр (цIыху 4500-м щыщу мини 4-м нэблагъэ фIэкIуэдат) зэбграгъэкIыжащ. Къэнахэр зыхагъэхьа тIасхъэщIэх гуп щхьэхуэхэмрэ танкым пэщIэт гупымрэ 4-нэ шуудзэ корпусым хагъэхьэжащ...

115-нэ шуудзэм хэтахэм я фэеплъхэр щагъэуващ Налшык къалэмрэ Мартыновкэ Инымрэ. Абыхэм я лIыгъэм тетхыхьыжащ КIыщокъуэ Алим («Нал къута» романыр 1973 гъэм къыдэкIащ).

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм и фэеплъыр Налшык къалэм щызыщIа скульптор Iэзэ ТхьэкIумащIэ Михаил абы зэрелэжьам теухуауэ итхыжат: «1942 гъэм и гъэмахуэм екIуэкIа зэхэуэхэм я ужькIэ, шыуэ щхьэрыутIыпщ хъуамрэ хэкIуэдар зыхуэдизымрэ зыми хужыIэнутэкъым. СызыIущIа ветеранхэм, Сальск тафэхэм щызэхэта зэхэуэхэр зи нэгу щIэкIахэм къызэраIуэтэжымкIэ, гупым хэтам и Iыхьэ нэхъыбэр хэкIуэдат, шыуэ - нэхъыбэж. А псор си гум хэмыхьэу къэнатэкъым. Абы щIыгъужт дэтхэнэ адыгэ щIалэ цIыкIуми хуэдэу, сыщысабийм шыхэр фIыуэ слъагъуу зэрыщытар. Зауэр ди текIуэныгъэшхуэкIэ зэриухар абы хэлъхьэжи - шуудзэм теухуа скульптурэр зыхуэдэнур си нэгу къыщIэувагъэххэт. Фэеплъым сыщелэжьым, сегупсысащ: «Си шыр щызбгынэкIэ, сэ езым дауэт сызэрыбгъэдэкIыфынур?!» - жысIэри. Япэу си щхьэм къихьар - абы IэплIэ зэрыхуэсщIынурт. Дауи, зауэр здекIуэкIым зауэлIым, дапхуэдизу ар езыр хуеями, апхуэдэ Iэмал зэримыIар гурыIуэгъуэщ. Куэдрэ къэхъуащ зауэлIри шыри зэгъусэу хэкIуадэу. Е уIэгъэ хъуа шыр гугъу иримыгъэхьын щхьэкIэ, и нэм нэпсыр къыщIэжу, ар и IэкIэ иукIыжын зэрыхуейм щеувэлIаи. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэ куэдкIэ зэпэIэщIэ хъурт зауэлIымрэ шымрэ. Абыхэм сегупсысу фэеплъым иужь сыщихьэм, зауэлIым шым IэплIэ хуищIу къэзгъэлъэгъуэным сыкъытеувыIат. Шум и теплъэр щIэнэхъ иным щIагъыбзэ щIэлът - Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэ ИнкIэ зэриухар, абы цIыхубэм хэлъхьэныгъэ къызэрымыкIуэ зэрыхуищIар».

ТхьэкIумащIэр зытепсэлъыхьыжа скульптурэр цIыхубэм игу дыхьатэкъым, зауэлIымрэ шымрэ я инагъкIэ зэрызэхуэмыдэр къемыкIуу къалъытати.

Апхуэдэу щыхъум, ТхьэкIумащIэм етIуанэ фэеплъыр, нобэ Налшык дэлъэдапIэм щытыр, ищIащ. Ар цIыхубэм япхъуэтащ, «ТхьэкIумащIэм и шыр» жаIэу тепсэлъыхьу. Сэшхуэ иIыгъыу танкхэмрэ топхэмрэ пэщIэува зы шууей псэемыблэжым и теплъэмкIэ Михаил хузэфIэкIащ лIыгъэрэ хахуагъэу ди щIалэхэм а зэман гугъум яхэлъар къигъэлъэгъуэжыну. Пэжуи, шы зызыIэтам и къарууфIагъымрэ лъэпкъ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа зауэлI лъэщымрэ уи гур ягъэпIейтей.

Шуудзэм адыгэу 2919-рэ хэтат, балъкъэру - 568-рэ, урысу - 680-рэ, украину - 86-рэ, осетину - 58-рэ, куржыуэ - 25-рэ, адыгейуэ - 13, бгырыс журту - 6, европей журту 11, къэзахъыу - 12, шэрджэсу 2, ингушу 2, тэтэру - 1, къэрэшейуэ - 12, ермэлыуэ - 15, нэгъуейуэ - 6, лезгину - 1.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ЕМКЪУЖ Мухьэмэд:

ЩIыхугъэращ япэ идгъэщыр

● Ди псэлъэгъуэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым ДзюдомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд и гуапэу нобэ тхутопсэлъыхь дзюдом и Iуэхур республикэм зэрыщыщыт щIыкIэм, я деж къекIуалIэ сабийхэм драгъэкIуэкI гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм, нэгъуэщIхэми.

- Мухьэмэд илъэсым зэрыщIидзэрэ зэхьэзэхуэ зыбжанэ фыхэтащ. Абыхэм я гугъу уэзгъэщынут япэщIыкIэ.

- Пэжщ, мы гъэм зэрыщIидзэрэ зэхьэзэхуэ зытхухым дыхэтащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт абыхэм ящыщу Хэкум и хъумакIуэм и махуэр щагъэлъапIэм ирагъэхьэлIэу КъБР-м щыщ хеящIэ Бычэ Джульбер и фэеплъу мазаем и 23-м ирагъэкIуэкIа зэпеуэр. Псоми ящIэж а щIалэр террорист щIэпхъаджащIэхэм зэраIэщIэкIуэдауэ щытар. Абы къыхэкIыу, иджырей зэхьэзэхуэр хуэунэтIат, я зэфIэкIыр утыкум щагъэлъэгъуэным къыдэкIуэу, мыхъумыщIагъэхэм зыдрамыгъэшэхыным щIалэгъуалэр хуэдущиным, Джульбер хуэдэ цIыху щыпкъэхэм щапхъэ тредгъэхыным.

Апхуэдэу, щIэблэр терроризмэм, экстремизмэм щыхъумэным теухуауэ иджыри едгъэкIуэкIынущ СОБР-м и унафэщIу щыта Щоджэн Къадир и фэеплъ зэхьэзэхуэ.

ИтIанэ илъэс 23-рэ зи ныбжьхэм я деж къызэрыхах зэпеуэ ди деж щедгъэкIуэкIащ. Ставрополь, Грознэ къалэхэми дыщыIащ. Абыхэми апхуэдэ зэIущIэхэр щызэхэтащ. Зи ныбжьхэр илъэс 15-м щIимыгъуахэм я зэхьэзэхуэри Налшык щекIуэкIащ. Иджы, гъатхэпэм и 10 - 15-хэм, Владикавказ дызэрыщыбэнэнум зыхудогъэхьэзыр.

- Республикэр къатщтэмэ, псори зэхэту сабий дапщэм дзюдом нобэ зыхуагъасэрэ? Апхуэдэ бжыгъэхэр щыIэ?

- Мы «Гладиатор» спорт комплексыр (дыщызэпсэлъар абы и бжэIупэм дежщ - *Хь.О.*) и ухуэныгъэр къыщедгъэжьам щыгъуэ, татами жыхуаIэу дзюдоистхэр щыбанэ алэрыбгъум хуэдэу 22-рэ згуэшауэ щытащ, спорт щыгъынхэр, нэгъуэщI къинэмыщIхэр хэмыту.

Джатэ Русланрэ сэрэ дызэгъусэу дыбанэу щытащ. НтIэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и унафэщIу ар щылэжьам къызэджэри къызэлъэIуат, районым ис щIалэгъуалэр тфIэмыкIуэдын, зыхэмыхьэн Iуэху мыщхьэпэхэм щытхъумэн папщIэ, дзюдомкIэ секцэ къыщызэIудгъэх, спортым ахэр дедгъэгъэхьэх, жиIэри. Апхуэдэу а щIыпIэм мы спорт лIэужьыгъуэм и Iуэхур щефIакIуэу хуежьауэ щытащ. ИужькIэ татами яхуэтшэри етташ. Иджыпсту Дзэлыкъуэ щIыналъэм псори зэхэту сабийуэ зы миным нэблагъэм дзюдом зыщыхуагъэсэу къыщIэкIынщ. Республикэм а бжыгъэр минитхублым хуэкIуэнущ.

- Фи деж къакIуэ сабийхэм фазэрыдэлажьэм щхьэкIэ абыхэм я адэ-анэхэм ахъшэ къеIыфхрэ?

- Дэ ахъшэ зыми къеIытхыркъым. Щхьэ бзыщIын хуей - пщIэ къыIахыу сабийхэм ядэлажьэхэри щыIэу къыщIэкIынщ, ауэ ди деж апхуэдэ къыщекIуэкIыркъым. Зи гугъу сщIыр Ныр Сеф и цIэр зэрихьэу дзюдомкIэ щыIэ спорт еджапIэрщ. Дэ къэралым дыхуолажьэ, улахуэри абы къыдет.

- ГурыIуэгъуэщ. ЗэрыжаIэу, дзюдом зыхуэзыгъэсэну гукъыдэж зиIэ сабийхэр фи деж къагъэсын хуей къудейуэ аращ.

- Тренерыр щыцIэрыIуэм деж, сабий нэхъыбэ абы хуашэ хабзэщ. Адэ-анэхэри щIэупщIэу къыщIэкIынщ хэт сыт хузэфIэкIми, и гъэсэнхэр здынэсам. Зэгуэрым зы щIалэ цIыкIу си деж къашати, къызэрыщIыхьэу абы и адэр занщIэу щIэупщIащ, дапщэ ахъшэу уэттынур, жиIэри. Зыри, щыжесIэм, си жэуапыр игу иримыхьу икIуэтыжащ икIи и щIалэм и Iэблэр иубыдри иришэжьэжат: накIуэ, мыхэр зыри хъунукъым, жыхуиIэу. Ахъшэ птымэ, нэхъыфIу къыпхущытыну, нэхъыбэ уагъэщIэну къызыщыхъу адэ-анэхэри щыIэщ.

Тхьэм ещIэ, сэ сыкъицIыхуу къыщIэкIынтэкъым абыи, къэзгъэувыIэри жесIащ: «Мы спорт залым Тау Хьэсэнбий, УнэшхуэлI Аслъэн, Къамбий Аслъэн, Щад Мурат, Хьэбэчыр Мурат, Бэрэздж Светэ, Нэгуэр Айданэ, Мисиров Исмэхьил сымэ, нэгъуэщI куэди, псоми я цIэхэр иджыпсту схужыIэнукъым, къыщIэкIащ икIи абыхэм ящыщу зыми зыри къеIытхакъым». «Мис иджы къызгурыIуащ», - жиIэри, сабийр къыдитауэ щытащ.

- Сабийхэм я фащэхэр адэ-анэхэм къыхуащэхуж, сэ зэрысщIэмкIэ.

- Дыдей къэкIуэну щIэзыдза цIыкIухэм фащэхэр езыхэм къащэхуж, ауэ зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIхэм, ехъулIэныгъэфIхэр къэзыгъэлъагъуэхэм ахэр дэ еттыфу щытщи, ари куэд и уасэщ.

- Мис а зэхьэзэхуэхэм къыщыхэжаныкIхэм, ехъулIэныгъэхэр зиIэхэм къэралым ахъшэ къариту, фащэхэр, гъуэгупщIэ, хьэщIэщыпщIэхэр яхуиту щыхъур дапщэщ?

- Апхуэдэ къэрал гулъытэ зыгъуэтхэр зи ныбжьыр илъэс 18-м нэсамрэ нэхъыжьхэмрэщ. Абы щхьэкIэ УФ-м, европей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIищым языхэз къыщыпхьауэ щытын хуейщ.

- Мухьэмэд, сабийхэм ядэлажьэ тренерхэр абы хуеджауэ, я щIэныгъэкIэ а лэжьыгъэм хуэкIуэу щыт?

- Я IэщIагъэм зэрыхуеджам и щыхьэт тхылъхэр яIэщ псоми. Абы нэмыщI, илъэс-илъэситI къэс ахэр къыдопщытэ, я Iэзагъэм зэрыхагъахъуэ зэIущIэхэри ядыдогъэкIуэкI. Зи IэнатIэм хуэмыфащэ ди деж щыIэкъым.

- Ар щIыжысIар террорист, экстремист щIэпхъаджагъэу сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ ялэжьым, ди жагъуэ зэрыхъущи, зэрыхэхъуэрщ. Ар нэхъыбэу зи зэранри телефоныр мардэншэу сабийхэм зэраIыгъырщ: зыхэмыхьэн сайтхэр къызэIуах, зызыпащIэ мыхъунухэм къагъапцIэри, иужькIэ террорист, экстремист щIэпхъаджащIэхэм яIэщIэхуа мэхъу, зэрыхуейуэ къагъэсэбэпыну. Куэд хуейкъым сабийр е Iуэхуншэу уэрамым дэтыр дэпшэхыным. Аращи, ныбжьыщIэхэр ущииным, мыхъумыщIагъэхэм пэIэщIэ щIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ ди зэманым. АбыкIэ къалэн хэха я пщэ къыдохуэ щIэблэм ядэлажьэхэм, абыхэм спортым хуэзыгъасэхэри яхэту.

- Пэжщ, абы и лъэныкъуэкIэ ди тренерхэм я пщэ жэуаплыныгъэшхуэ къыдохуэ. Ахэр зэхудошэсри, яжыдоIэ я деж къекIуалIэ сабийхэм я нэIэ трагъэтыну, уеблэмэ ахэр дзюдом зэрыхуагъасэм прамыдзыхыу, я хьэл-щэным теухуауэ абыхэм епсэлъэну, ящииину. Телефоным куэд зэIигъэхьэ зэрыхъуами шэч къытетхьэжыркъым. Жыжьэ умыкIуэ - щIалэ цIыкIу гуэр къысхуашэу щытащ сэ, иIыгъ телефоныр и анэм къыIэщIиха нэужь, абы зыхуигъэгусэу, кIий-гуоуэ. Ауэ хуэм-хуэмурэ къыгурыдгъэIуащ апхуэдэу ущыт зэрымыхъунур, ар къызэремызэгъыр.

КъБР-м СпортымкIэ и министерствэми щIэх-щIэхыурэ дызэхуешэс, апхуэдэ Iуэхухэм дытопсэлъыхь. ГурыIуэгъуэщ, сабийр тэмэму щытын, нэхъ губзыгъэ хъун щхьэкIэ епсэлъэн, щапхъэ тэмэм ебгъэлъагъуурэ ар бгъэсэн зэрыхуейр.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэу иджыпсту лажьэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м спортымкIэ и министр Хэжь Заур сымэ дызэгъусэу илъэситI-щы ипэкIэ республикэм и зы щIыналъэ къэдмыгъанэу къызэхэткIухьауэ щытащ. Уеблэмэ дызыдэмыхьа жылэ щIагъуи щыIэу си гугъэтэкъым. Ди зэIущIэхэр теухуат террорист, экстремист щIэпхъаджагъэхэм, дин, лъэпкъ зэпэщIэувэныгъэхэм сабийхэр щыхъумэным, апхуэдэхэр къэмыгъэхъуным. Япэм щыгъуэ шынагъуэ щыIащ дин къабзэм къытрашу щымыщ куэд зыхалъхьам цIыхухэр хашэнкIэ. Тхьэм и шыкуркIэ иужьрей илъэсым абы и лъэныкъуэкIи Iуэхур нэхъ тэмэм хъужащ.

Диным зыри пэрыуэркъым, ар зехьэн хуейщ, ауэ абы щынэхъыщхьэу щытыпхъэр къабзагъэрщ, цIыхугъэрщ, гущIэгъурщ.

- Псом япэрауэ, цIыхур цIыхуу щытын хуейщ, итIанэщ спортыр, щIэныгъэр, IэщIагъэр. Япэм щыгъуэ спорт залым ущIыхьа иужь тренерыр щIэупщIэу щытащ школым узэрыщехъулIэм, языныкъуэхэри дневникхэм еплъырт. Тэмэму уемыджэрэ - уи оценкэ мыщIагъуэхэр зумыхъуэкIыжауэ спорт залым ущIагъэхьэртэкъым.

- Сэ сыкъапщтэмэ, си деж сабий къаша нэужь соупщI: мы цIыкIум сыт фызэрыщыгугъыр, жызоIэри. Ауэ сытми дыкъэкIуэнуращ жаIамэ, ар зыщ, чемпион ящIыну гугъэ яIэмэ - ари нэгъуэщIщ. Ауэ абдежми солъэIу дамыгъэпIэщIэну. ЯпэщIыкIэ цIыху гъэса къыхэщIыкIын хуейщ сабийм, итIанэщ адрейхэр къыщыкIэлъыкIуэр.

ЦIыхур гъэсауэ щытын хуейщ, и адэ-анэр, лъэпкъыр иригушхуэн, зыхэтхэм щапхъэ яхуэхъун хуэдэу. Зы спортсмен щIалэ сиIэщ сэ, иджыпсту Волгоград щыIэу, атIэ абы щIыпIэ телевиденэм интервью къыщIаIахырти, зэрыдгъэсам хуэдэу, яжриIэрт си адэ-анэр сэркIэ гушхуэну, си лъэпкъыр сIэтынырщ сэ нэхъыбэу сызыхуейр. Нобэ чемпион бгъасэкIэ зэфIэкIыркъым, нэхъыщхьэр абы цIыху тэмэм къыхэкIынырщ.

- Мухьэмэд, илъэс тIощI хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ уиIа гъэсэнхэмрэ иджырейхэмрэ зэхуэбгъадэ хъуну?

- Япэрей зэманыр куэдкIэ нэхъыфIт. Япэрауэ, зы адэ-анэ накIуэу унафэ къытхуащIу, къытхэIэбэу щытакъым. Тау Хьэсэнбийхэ я деж сыкIуэурэ и адэ-анэм Iэджэрэ селъэIуащ, щIалэ цIыкIур си деж нашэну. Езыхэм ядэртэкъым - дэ хадэ, пщIантIэ, Iэщ диIэщ, ахэр зехьэн хуейщ, спортым тригъэкIуэдэн зэман иIэкъым, жаIэрти. Ярэби, псори дыщыгуфIыкIыжынщ, нэвгъакIуэ тренировкэм, жысIэурэ сылъаIуэрт. Зэрыхъуари фольагъу.

Тау Хьэсэнбийрэ сэрэ Афины щекIуэкIа Олимп джэгухэм дыщежьэнум и пэ къихуэу Пермь, Санкт-Петербург, Мэзкуу, Челябинск къалэхэр, уеблэмэ Ханты-Мансийск автоном округыр, къыдэлъэIухэрт абыхэм я цIэкIэ зыкъыдагъэгъэлъэгъуэну, дызыхуейхэри къытхуащIэну хьэзырт. Ауэ дэ яхуэддатэкъым, ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр япэ идгъэщри. АтIэ иджыпсту щыIэхэм я нэхъыбэм я фейдэ нэхъыбэ зыхэлъын зэребгъэлъагъуу, абыкIэ яунэтIынущ. Абы нэмыщI, я адэ-анэхэр къыхэIэбэу тренерхэм зэран къыщытхуэхъур мащIэкъым. Японхэм зэрыжаIэу, шыIэныгъэ зыхэгъэлъын хуейуэ аращ апхуэдэхэм деж.

Иджырей адэ-анэхэм я бынхэр занщIэу чемпион ящIыну хэтщ. Аращ дызыхуэкIуар. Илъэсих-блы фIэкIа мыхъуа сабийр нашэри, япэу зыщIэупщIэр зыщ: мыр чемпион хъуну? ГъэщIэгъуэнращ, мыр цIыху тхуэфщI, тхуэвгъасэ, жаIэркъым. Чемпион фIэкIа, нэгъуэщI зыми хуеижкъым иджыпсту. Ар уи жагъуэ мэхъу. Нэхъапэм апхуэдэу щытакъым.

- Дауэ уеплърэ, 2028 гъэм и гъэмахуэм екIуэкIыну Олимп джэгухэм дыкIуэфыну апхуэдэ гугъэхэр щыIэ?

- Пэжыр жыпIэмэ, догугъэ. «Тажышхуэр» къэхьыным хуэунэтIауэ Баку щекIуэкIа зэIущIэм ди командэм хьарзынэу зыкъыщигъэлъэгъуащ, иужькIэ Ташкенти апхуэдэу щыбэнащ. Сэ згъэсауэ щIалищ щыIэщ УФ-м и командэ къыхэхам. Тау Хьэсэнбий къэралым и командэ нэхъыщхьэм и тренер нэхъыжьщ, Щад Мурат илъэс 23-рэ зи ныбжьхэм я тренер нэхъыщхьэщ, Хьэбэчыр Мурати цIыхухъухэм я командэм и тренерщ. АтIэ, иджыри зэ жысIэнщи, гугъэшхуэхэр щыIэщ ди ныпым дыщIэту, ди гимныр къыщрагъэауэу Олимпиадэм дыхэтыну.

Епсэлъар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

Урысейм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм гъатхэпэм и 12-м ягъэлъапIэ я махуэр. Мы гъэм илъэси 146-рэ ирокъу ФСИН-р къызэрызэрагъэпэщрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ щIыналъэ управленэр илъэсищэм щIигъуащ. IэнатIэм и тхыдэм, абы и лэжьакIуэхэр зэрагъэхьэзырым, ахэр къызэрыхахым, хуащI гулъытэм къытхутепсэлъыхьащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Демидов Александр:

ЛIэщIыгъуэм щхьэдэхащ

- УГОЛОВНЭ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэр къэунэхуащ 1879 гъэм, къэрал кIуэцI Iуэхухэм-кIэ министерствэм хэту Лъэхъуэщ управленэ нэхъыщхьэ къыщызэрагъэпэщам. Къэбэрдей-Балъкъэрым 1920 гъэхэм къыщызэIуахащ япэ пенитенциар IуэхущIапIэхэр. Ахэр къуэншахэр щагъэтIыс унэхэу щытащ, иужьым тезырыр щагъэзэкIуэж колониехэм хуэкIуащ. Мы зэманым республикэм щыIэщ апхуэдэу плIы, следственнэ изолятор, я хьэл мыхъумыщIэхэр щызыхрагъэн центр.

Ди IуэхущIапIэхэм суд унафэкIэ тезырхэр щрагъэпшыныж япэу ягъэтIыса цIыхухъухэм; нэхъапэкIи уголовнэ тезырыр ягъэтIысу зыпшынахэм; етIуанэу щIэпхъаджагъэ зылэжьа цIыхубзхэм; щIэпхъаджагъэ зыIэщIэщIахэу нэхъапэкIэ ямыгъэтIысахэм, апхуэдэуи иджы япэу ягъэтIысахэм, мурад ящIу щIэпхъаджагъэ мыинхэр е курыт хьэлъагъ зиIэхэр зылэжьахэм. ЯмыгъэтIысу суд зытращIыхьахэм якIэлъоплъ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и лэжьакIуэхэр.

Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэр зи лэжьыгъэм хуэIэижьхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щытыпхъэщ псом япэрауэ. Ди лэжьакIуэхэр къыхэхыным гулъытэ худощI. УИС-м щылэжьэну къащтэ Урысей Федерацэм и цIыхухэу илъэс 18 - 40 ныбжьхэм къриубыдэхэр. Зыпэрыувэну IэнатIэри я щIэныгъэм елъытащ.

УнафэщI нэхъыщIэ къулыкъу IэнатIэ къратын папщIэ класс 11-р къаухамэ ирикъунущ. Курыт, нэхъыжь унафэщI гупым хыхьэхэм Iэмал имыIэу я IэщIагъэмкIэ курыт, нэхъыщхьэ щIэныгъэ яIэн хуейщ.

ЛэжьапIэм увыну мурад зыщIар и узыншагъэкIи, Iуэху зехьэкIэкIи, хабзэкIи къалэнхэр зыгъэзэщIэфыну щытын хуейщ. Я узыншагъэр къэзыпщытэ дзэ-дохутыр комиссэ диIэщ.

ЛэжьакIуэхэр къыщытщтэкIэ гулъытэ хэха яхудощI дзэ Iуэху хэхам хэтахэм. БлэкIа илъэсым УФСИН-мрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ. Ар хуэунэтIащ зауэ Iуэхухэм хэтахэм ядэIэпыкъуным, психологие и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэным, Урысейм Тезыр зытралъхьахэм ар егъэпшынынымкIэ и федеральнэ къулыкъум и еджапIэхэм щIэгъэтIысхьэным.

Дэ дыхоплъэ СВО-м и ветеранхэм ящыщхэр ди IуэхущIапIэхэмрэ къудамэхэмрэ къулыкъухэр щетыным икIи мы Iэмалыр къэзгъэсэбэпу, дзэ Iуэху хэхам и зауэлIхэр къызогъэблагъэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм щылэжьэну.

- Къулыкъу зыщIэнухэр дауэ къызэрыхэфхыр?

- IэнатIэ къэувынум щепсалъэкIэ кадрхэмкIэ, гъэсэныгъэ, социальнэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIынымкIэ къудамэр кърата дэфтэрхэм хоплъэ, и зэфIэкIыр, щIэныгъэр здынэсыр зрегъащIэ. Апхуэдэ тхылъыр цIыхум и IуэхущIафэхэм фIыуэ ущызыгъэгъуазэщ. Ар зы мазэ нэхърэ нэхъыбэкIэ IэнатIэ Iумызагъэмэ, ди упщIэхэм жэуап къыщриткIэ къулыкъу ищIэну зэрыхуэмыпабгъэр щытлъагъукIэ, къыдгурыIуэ дызэрызэдэмыгъуэгурыкIуэфынур.

- ФСИН-м и лэжьакIуэхэм сыт хуэдэ льготэхэр яIэ?

- ЗэрылэжьакIуэ илъэсхэм елъытауэ пенсэ щыхуагъэувкIэ худэчых иIэнущ (къулыкъум зэрыпэрыта зы мазэр мазэрэ ныкъуэу къыхуабж); ведомствэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм пщIэншэу IуэхутхьэбзэхэрIм къыщыхуащIэ, санаторэхэм, курортхэм, зыщрагъэIэзэнущ; илъэс къэс ират махуэ 30 я зыгъэпсэхугъуэм худыщIагъу къулыкъум зэрыпэрыта илъэс бжыгъэмрэ лэжьэгъуэ зэманым щIигъуу и къалэнхэр зэригъэзэщIам папщIэ хущIагъуа махуэмрэ; лэжьакIуэхэм я сабийхэм гъэсапIэхэм, еджапIэхэм егъэбыдылIэнымкIэ, апхуэдэуи узыншагъэр щрагъэфIакIуэ лагерхэм ягъэкIуэнымкIэ зыщIагъакъуэ; зыгъэпсэхуакIуэ щыкIуэм деж ахъшэкIэ доIэпыкъу; фэтэр къащтэн хуей хъуми, зыщIагъакъуэ. Апхуэдэуи ФСИН-м Iэмал ярет пщIэншэу ведомствэм и еджапIэхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтыну. Къыхэдгъэщынщи, мы гъэм еджапIэ нэхъыщхьэхэм 6 дгъэкIуэфынущ. Аращи, мы илъэсым республикэм и школхэр къэзыухxэр щIэтIысхьэфынущ Хуитыныгъэмрэ управленэмкIэ академием, Владимир къалэм дэт юридическэ институтым, Воронеж институтым, Санкт-Петербург университетым, махуэрыеджэуи, заочнэуи абыхэм ди лэжьыгъэм пыщIа щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтыфынущ. Ведомствэм и еджапIэм и дипломым Iэмал къует ди IуэхущIапIэм лэжьапIэ къэувыну. КъинэмыщIауэ, курсантхэм стипендие ират; еджапIэр къауха нэужь «къэрал кIуэцI къулыкъум и лейтенант» цIэр фIащ; япэ мазищым зэ тыгъуэу пособие ират, Iэмал имыIэу зыхуеинухэр къищэхун папщIэ. Институтхэм щеджэхэр зыхуеину псомкIи къэралым къызэрегъэпэщ, уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм ират хабзэ худэчыххэр къагъэсэбэп, Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм къулыкъу щрахьэкIыныр хуагъэIэпхъуэ.

- ЛэжьакIуэщIэхэр дауэ къыфхэзагъэрэ?

- ДащепсалъэкIэ, дэтхэнэ кандидатри IэнатIэм щыдогъэгъуазэ. ЩIэуэ къатщтэм гъэсакIуэ идогъэбыдылIэ ди лэжьакIуэ зэчииифIэхэм ящыщу, сыту жыпIэмэ, ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ абы IэщIагъэлI нэс къыхэкIыным. Нобэ лэжьакIуэщIэщ - пщэдей Урысейм къулыкъу хуэзыщIэ унагъуэм я лъагъуэхэш хъуныр зыхуэIуа щыIэкъым. УИС-м и дэтхэнэ лэжьакIуэри лIэщIыгъуэрэ никъуэрэ тхыдэ зиIэ ведомствэм и Iыхьэ мэхъу. А зэманым кърикъудэу законым къулыкъу хуэтщIэу дахуолажьэ Урысей Федерацэм и цIыхубэм. Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы махуэм захузогъазэ ди лэжьэгъухэм, хэхауэ ди ветеран лъапIэхэм. Ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм, IэщIагъэм дызэрыхуэщIам дэ тщыщ дэтхэнэми Iэмал къыдет ехъулIэныгъэщIэхэм дынэсыну. Ахэр елъытащ хабзэм тетыным, къэмылэнджжу лэжьэным, ди япэ итахэм я щапхъэм дрикIуэным. Къэралым пщэрылъ къытщищIащ IуэхушхуэхэрIэ зэфIэтхыну, аращи, си фIэщ мэхъу Урысейм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и гупым щыщ дэтхэнэми къыхуагъэува къалэнхэр гъэзэщIэным я къарур зэрырихьэлIэнур. Фэри фи Iыхьлыхэми узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыгъэ, гъащIэ кIыхь, ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну си гуапэщ!

Зыгъэхьэзырар
УЭРДОКЪУЭ Женящ.

● Футбол

Зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу

«Спартак-Налшыкым» ерыщу зыхуегъэхьэзыр гъатхэпэм и 22-м щIэзыдзэну Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм.

МЫГУВЭУ иухыну зыгъэсэныгъэхэм къадэкIуэу ди щIалэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэри щIэх-щIэхыурэ ирагъэкIуэкI. Гъатхэпэм и 5-м Налшык и Сабий стадионым Хасавюрт и «Победа»-р 3:1-уэ щыхагъэщIа иужькIэ, махуитху дагъэкIри, ахэр ЕсэнтIыгу кIуащ. Абы къащыпэплъэрт Белгород къикIа «Салют»-р.

Джэгур удэзыхьэхыщэу екIуэкIауэ пхужыIэнукъым. Тренерхэр кIэлъыплъырт зыгъэсэныгъэм кърикIуахэм, футболистхэр хущIэкъурт зэхьэзэхуэм ипэ къихуэу фэбжь зэрамыгъуэтыным. Апхуэдэу щыт пэтми, налшыкдэсхэм тепщэныгъэр яIыгъащ. Абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр нэхъ лъэщт икIи топыр псынщIэу зэIэпахырт. Аращ къызыхэкIар зэIущIэм и япэ Iыхьэм пенальти къызэралэжьар. Метр пщыкIузым и деж щыту КIэдыкIуей Хьэким бжыгъэр къызэIуихащ икIи «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ лъэныкъуитIми зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIащ. Ахэр белгороддэсхэм нэхъ къахуэщхьэпащ икIи бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжыну яхузэфIэкIащ. Арати, зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, гупхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Зэхьэзэхуэм щIимыдзэ щыкIэ «Спартак-Налшыкым» иджыри зэныбжьэгъугъэ зэIущIитI иригъэкIуэкIыну и мурадщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ди щIалэхэм я хьэрхуэрэгъунущ Черкесск и «Нартымрэ» Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● УФСБ-м къет

Илъэс 11 тралъхьащ

НаркотикхэкIхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ Май къалэм щыпсэу, илъэс 33-рэ зи ныбжь Татауров Д. С. зэрихьэ щIэпхъаджагъэр.

Ар пыщIащ республикэм и щIыналъэм наркотикхэкIхэр щызэбгрегъэхыным. Абы къытрахащ «N-метилэфедрон» наркотикхэкI грамм 62-м щIигъу.

КъБР-м и Май къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Татауров Д.С. къуаншэу, УФ-м и 228.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым, 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ къалъытащ. Абы илъэс 11 тралъхьащи, тезырыр ткIийуэ щрахьэкI колонием щигъэкIуэнущ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтгехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр №520
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ (1, 4-нэ нап.), Щоджэн Заирэ (2, 3-нэ нап.).
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.